O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

Fakultet dekanı:

_____________doc.Q.Turdi’baev

«_____» _____________ 2014 j.

5220100-filologiya (Qaraqalpaq filologiyasi) bag’darının’ 4-kurs studenti O’temuratova Gu’limxanni’n’

**«T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’nda ko’rkem psixologizm»** temasi’ndag’i'

**PITKERIW QA’NIGELIK JUMISI**

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Kafedra baslig’i: doc. Q.Yusupov

________________________

Ilimiy basshi: doc. P.Nurjanov

________________________

«_____» ______________ 2014j

**No’kis–2014 ji’l**

**Ma’mleketlik attestatsiya komissiyasinin’**

**QARARI :**

5220100-filologiya (Qaraqalpaq filologiyasi) bag’dar?n pitkeriwshi O’temuratova Gu’limxanni’n’ «T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’nda ko’rkem psixologizm» atamasindag’i pitkeriw qa’nigelik jumisina

“______ ” bahasi qoyilsin

**MAK baslig’i:** ____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

**MAK ag’zalari:**

____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

____________________ ____________________________

(qoli’) (f.i.sh)

## Mazmuni’

**Kirisiw................................................................................................................ 3-6**

**I BAP. Tariyxi’y iskerler obrazlari’n jarati’wda ko’rkem psixologizmnin’ tutqan worni’** ..........................................................................................7-29

I.1. Roman janri’ndag’i’ ko’rkem psixologizmdi izertlewdin’ ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri……………………………………………………..7-11

I.2. T.Qayi’pbergenovri’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’nda qaharman obrazi’n jasawda ko’rkem psixologiyali’q su’wretlew usi’llari’ni’n’ a’hmiyeti…………………………………………………………………12-29

**II BAP. T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’nda tariyxi’y sharayat, peyzaj ha’m qaharman psixologizmi............................30-45**

II.1. Qaharman obrazi’n izertlewdin’ teoriyali’q ma’seleleri…………………30-32

II.2. Ko’rkem peyzaj ha’m woni’n’ qaharman obrazi’n ashi’wdag’i’ a’hmiyeti…………………………………………………………………32-45

**Juwmaq……………………..........................................................................46-48**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar…………………………...............................................49-50**

## Kirisiw

**Temani'n' aktualli'g'i':** Ha'r qanday da'wirdin' adami' wo'z xalqi'ni'n' wo'tmishi, bu'gini ha'm yerten'gi keleshegi menen qi'zi'qsi'ni'p jasaydi'. Xali'q tariyxi'n teren' u'yreniw, ruwxi'y qa'diriyatlardi' tiklew, xali'qti'n' ha'r bir wa'kilin ma'deniy miyrasqa hu'rmet, milliy da'stu'rlerge sadi'qli'q, Ana Watang'a muhabbat ruwxi'nda ta'rbiyalaw ma'mleketimizde ja'miyetti ulli' keleshekke baslawshi' isenimli jol, tami'ri' bekkem ja'miyetlik tiykarlar dep ta'n ali'ndi'. Sol sebepli Prezidentimiz I.A.Karimov ta «Haqi'yqi'y tariyxti' bilmey turi'p wo'zligin'di biliw mu'mkin yemes»[1]-degen yedi.

Xali'q wo'tmishindegi belgili bir da'wirlerde ju'z bergen ja'miyetlik-siyasiy waqi'yalar, turmi'sli'q sha'rayatlar ha'm sol da'wirlerde xali'q ta'g'dirinde sheshiwshi xi'zmet atqarg'an insanlar tulg'asi' ha'r bir xali'qti'n' ruwxi'y, ma'deniy du'nyasi'nda tariyx «obektiv haqi'yqatli'q, fakt) boli'p qa'liplesedi. Bulardi' wo'z aldi'na ilim-tariyx ilimi izertleydi. Biraq xali'q wo'tmishindegi usi'nday sheshiwshi waqi'yalar ha'm insanlar ta'g'dirin xali'qqa tani'ti'wda ko'rkem a'debiyatti'n' xi'zmeti dekabr ayri'qsha. Sebebi tariyx ilimi xali'q ta'g'dirindegi shi'nli'qti' xali'qqa hu'jjet tili menen jetkerip berse, ko'rkem a'debiyat woni' ko'rkem so'zdin' ku'shi menen xali'qti'n' ruwhi'na sin'dirip jiberedi. Degen menen tariyx ha'm ko'rkem a'debiyat bir-biri menen ti'g'i'z baylani'sli', bir-birin toli'qti'ri'p woti'radi'. Bunday bir-birin toli'qti'ri'wshi'li'q ko'rkem a'debiyatta tariyxi'y temada do'retilgen shi'g'armalarda ani'q ko'rinedi. Ma'selen, xali'q awi'zeki do'retiwshiligindegi xali'q qosi'qlari'ni'n' biri tariyxi'y qosi'qlarda, xali'q an'i'zlari' ha'm ra'wiyatlari'nda, xali'q da'stanlari'nda «tariyxi'y da'stanlarda) tariyxti'n' ko'rkem sa'wleleniwin ko'remiz. Jazba a'debiyatta da bul janrdag'i' ko'rkem do'retpeler payda boldi'. Xali'qti'n' ko'rkem woyi'ni'n'

---

[1] Каримов И.А. Тарийхий хотирасиз келажак йўқ. Тошкент, "Шарқ" нашриёти. 1998, 29-б.

rawajlani'wi'ni'n' joqarg'i' shi'n'i' dep yesaplang'an romanlarda xali'q tariyxi'n, turmi'si'n su'wretlew shen'beri qanshelli ken' bolsa, ha'tte sol ken' masshtabli' janrdi'n' ishinde dekabr ko'p tu'rlilikti payda yetken tariyxi'y bag'dardag'i' romanlar qa'liplesti. Tariyxi'y roman bul tariyxi'y waqi'ya ha'm tariyxi'y shaxslardi' ko'rkem su'wetlewge «qa'nigelesken» do'retpeler desek te boladi'.

Usi' jumi'si'mi'zdi'n' tiykarg'i' u'yreniw predmeti T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» tariyxi'y romani'. Roman a'debiyatshi'lari'mi'z ta'repinen ko'p izertlenildi. Degen menen T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» romani'na qaharman psixologizmi bu'gingi ku'nnin' ko'zqarasi'nan, tariyxi'y roman janri' ko'zqarasi'nan baha beriw, sonday-aq tariyxi'y roman tariyxti', tariyxi'y faktlerdi keltirip su'wretlegeni menen yemes, al woni' qalay su'wretlep bergeni «ko'rkem qi'yaldan qalay paydalang'anli'g'i'» menen qi'zi'qti'ratug'i'nli'g'i' izertlew jumi'si'mi'zdi'n' aktualli'g'i'n keltirip shi'g'ardi'.

**Jumi'sti'n' maqset ha'm wazi'ypalari':** Bizin' pitkeriw-qa'niygelik jumi'si'mi'zda tiykarg'i' maqset jazi'wshi' T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» romani'ndag'i' obrazlar du'nyasi'n, wolardi'n' psixologizmin ashi'p beriw boli'p tabi'ladi'. Usi' maqsetten kelip shi'g'i'p jumi'si'mi'zda to'mendegi wazi'ypalardi' wori'nlaw za'ru'rligi tuwi'ldi'.

–roman janri'ndag'i' ko'rkem psixologizmdi izertlewdin' ayi'ri'm ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri;

–T.Qayi'pbergenovri'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'nda qaharman obrazi'n jasawda ko'rkem psixologiyali'q su'wretlew usi'llari'ni'n' a'hmiyetin ashi'p beriw;

–qaharman obrazi'n izertlewdin' teoriyali'q ma'selelerine toqtaw;

–romanda ko'rkem peyzaj ha'm woni'n' qaharman obrazi'n ashi'wdag'i' ani'qlaw

**Jumi'sti'n' teoriyali'q ha'm metodologiyali'q negizi:** Biz izertlew bari'si'nda Prezident I.A.Karimovti'n' a'debiyat ha'm ko'rkem wo'nerdi

rawajlandi'ri'w haqqi'ndag'i' ko'rsetpelerin basshi'li'qqa aldi'q. Sog'an qosi'msha bizin' jumi'si'mi'zdi'n' teoriyali'q ha'm metodologiyali'q tiykari' retinde T.Boboevti'n' «Adabiyotshunoslikka kirish» (Toshkent, 2009), A.Rahimovti'n' «Roman janrining rivojlanishiga doir» (Toshkent, 1986), Z.Pardaevanin' «Hozirgi o'zbek romani» (Toshkent, 2003), E.Qudayberdievti'n' «Adabiyotshunoslikka kirish» (Toshkent, 2003), N.Hotamov ha'm B.Sarimsoqovti'n' «Adabiyotshunoslik terminlarining ruscha-o'zbekcha izohli lug'oti» (Toshkent, 1979), S.Axmetov, Q.Sultanovti'n' «A'debiyattani'w» (No'kis, 1987), S.Axmetov, J.Yesenov, Q.Ja'rimbetovti'n' «A'debiyattani'w atamalari'ni'n' wori'ssha-qaraqalpaqsha tu'sindirme so'zligi» (No'kis, 1994), P.Nurjanovti'n' «Ha'zirgi qaraqalpaq romani'» (N, 2009) ha'm «Ha'zirgi qaraqalpaq romani' poetikasi'» (kompoziciyasi'li'q ha'm janrli'q stillik wo'zgeshelikleri) (No'kis, 2008) h.t.b miynetlerdegi ilimiy-teoriyali'q pikirlerden paydalani'ldi'. Bir qansha teoriyali'q miynetlerden metodologiyali'q tiykar si'pati'nda paydalani'ldi'. Sonday-aq jumi'si'mi'zdi' jazi'w bari'si'nda qaraqalpaq a'debiyatshi' ali'mlari' M.Nurmuxammedov, J.Nari'mbetov, A'.Qoji'qbaev, Q.Sultanov, S.Bahadirova, K.Mambetov, Q.Ja'rimbetov, Q.Worazi'mbetov N.Wori'mbetova, H.Wo'temuratova, ha'm tag'i' basqa a'debiyatshi' ali'mlardi'n' miynetindegi ilimiy-teoriyali'q juwmaqlardi' basshi'li'qqa aldi'q.

**Jumi'sti'n' izertleniw da'rejesi:** Qaraqalpaq a'debiyati'nda tariyxi'y roman do'retiw sheberlikleri talantli' jazi'wshi' T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi', «Maman biy a'psanasi'», «Baxi'tsi'zlar», «Tu'siniksizler» romanlari'nda ani'q ko'rinedi. Bul romanda qaraqalpaq xalqi'ni'n' XVIII-XIX a'sirlerdegi tariyxi' sa'wlelendiriledi. Qaraqalpaq a'debiyati'nda bul tariyxi'y roman haqqi'nda akad. M.Nurmuhammedov, S.Axmetov, Q.Kamalov, S.Bahadi'rova, J.Nari'mbetov, Z.Nasrullaeva, P.Nurjanov, H.O'temuratova h.t.b. ilimpazlar ilimiy pikirler bildirdi, monografiyalar jazdi', arnawli' tu'rde dissertaciya jumi'slari'n isledi.

T.Qayi’pbergenovti’n’ tariyxi’y romanlari’, soni’n’ ishinde «Maman biy a’psanasi’» romani’ tuwrali’ akad.M.Nurmuhammedovti’n’[1] maqalasi’nda, Q.Kamalovti’n’[2] miynetlerinde, S.Bahadi’rovani’n’[3] monografiya ha’m maqalalari’nda, J.Nari’mbetovti’n’[4], A’.Qoji’qbaevti’n’[5], Q.Sultanovti’n’[6], P.Nurjanovti’n’[7] ilimiy miynetlerinde h.t.b. so’z yetildi. Tariyxi’y shi’g’armada tariyxi’y shi’nli’q ha’m tariyxi’y shaxslar obrazi’ni’n’ sa’wlelendiriliwi tuwrali’ arnawli’ tu’rde H.Wo’temuratova[8] «T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» romani’nda tariyxi’y haqi’yqatli’q ha’m tariyxi’y shaxslar obrazi’» (N., 1992) degen temada kandidatli’q dissertaciya jumi’si’n wori’nladi’.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’** Bizin’ jumi’si’mi’z «Kirisiw», yeki bap, «Juwmaq» ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat. I bap «Tariyxi’y iskerler obrazlari’n jarati’wda ko’rkem psixologizmnin’ tutqan worni’»dep atali’p, wol wo’z na’wbetinde yeki bo’limnen: «Roman janri’ndag’i’ ko’rkem psixologizmdi izertlewdin’ ayi’ri’m ilimiy-teoriyali’q ma’seleleri» ha’m «T.Qayi’pbergenovri’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’nda qaharman obrazi’n jasawda ko’rkem psixologiyali’q su’wretlew usi’llari’ni’n’ a’hmiyeti» bo’limlerinen turadi’. II bap «T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’nda tariyxi’y sharayat, peyzaj ha’m qaharman psixologizmi» dep atali’p, wol da wo’z na’wbetinde yeki bo’limnen turadi’: 1-bo’lim «Qaharman obrazi’n izertlewdin’ teoriyali’q ma’seleleri», 2-bo’lim «Ko’rkem peyzaj ha’m woni’n’ qaharman obrazi’n ashi’wdag’i’ a’hmiyeti» dep ataladi’. «Juwmaq»ta biz ilimiy jumi’s bari’si’nda

---

[1] Нурмухамедов М. Ҳәзирги қарақалпақ прозасының гейпара актуаль проблемалары.–Қарақалпақ әдебиятының мәселелери, Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975
[2] Камалов Қ. Кәрўан басы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978; Усы автор. Дала бүркити. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990
[3] Баҳадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза. Нукус: «Каракалпакстан», 1984; Усы автор. Қарақалпақ әдебиятында тарийхый роман//«Әмиўдәрья», 1977, №11
[4] Нарымбетов Ж. Каракалпакский роман. Ташкент: «ФАН», 1974
[5] Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
[6] Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977;
Усы автор. Т.Қайыпбергеновтың прозасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.
[7] Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис: «Билим», 1993; Усы автор. Сверяя с народной памятью. Монография. Нукус: «Билим», 1994; Усы автор. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис: «Билим», 2003; Усы автор. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы. Нөкис: «Билим», 2008; Усы автор. Ҳәзирги қарақалпақ романы. Нөкис: «Билим», 2009.
[8] Өтемуратова Ҳ. Қарақалпақ тарийхый романларының поэтикасы. Нөкис: «Билим», 1997.

kelgen ilimiy teoriyali'q pikirlerimiz i'qshamlasti'ri'li'p berildi. Paydalani'lg'an a'debiyatlar jumi'sti'n' aqi'ri'nda ha'zirgi bibliografiya iliminin' qa'delerine muwapi'q jaylasti'ri'ldi'.

# I bap. Tariyxi'y iskerler obrazlari'n jarati'wda ko'rkem psixologizmnin' tutqan worni'

## I.1. Roman janri'ndag'i' ko'rkem psixologizmdi izertlewdin' ayi'ri'm ilimiy-teoriyali'q ma'seleleri

Gumanist jazi'wshi'ni'n' shi'g'armada go'zleytug'i'n maqseti-adam xarakterin wo'mirdin' ha'r tu'rli jag'dayi'nda qarasti'ri'p, adamgershilik seziminin' pa'kligine ma'ni beriwden ibarat. Psixologiyali'q analizlew adamni'n' ishki du'nyasi'n toli'q qamti'p, jeke wo'zine izertlew ju'rgizip, pu'til ruwxi'y wo'zgerisin jan-jaqli' ashi'wg'a negizlenedi.

Psixologiyali'q tallaw qaharman psixologiyasi'n sa'wlelendiriwdin' analitikali'q (qaharmanni'n' woyi' menen seziminin' ag'i'mi'n sa'wlelendiriw), dinamikali'q (adamlardi'n' ruwxi'y du'nyasi'n ha'reketleri menen qi'ymi'l-qozg'ali'si' arqali' ashi'w) principleri arqali' g'ana ju'zege asi'ri'ladi'. Psixologiyali'q tallaw a'debiyattag'i' adam xarakterin jarati'wdi'n' yen' uti'mli' usi'li'. L.N.Tolstoydi'n' shi'g'armalari'n tallay woti'ri'p «jan dialektikasi'», «insani'yli'q sezim tazali'g'i'» degen terminlerdi birinshi ret N.G.Cherni'shevskiy usi'g'an su'yenip qollang'an bolsa kerek.

Qaraqalpaq prozasi'nda usi'nday ko'rkem psixologiyali'q su'wretlew usi'llari' 30-ji'llarda M.Da'ribaevti'n' «Mi'n'lardi'n' biri», A.Shamuratovti'n' «Eski mektepte», N.Da'wqaraevti'n' «Internatta» si'yaqli' povest ha'm gu'rrin'lerde, al son'i'nan I.Yusupovti'n' «Seydan g'arri'ni'n' gewishi», J.Aymurzaevti'n' «Kelin» gu'rrin'lerinde wo'zinin' yen' jaqsi' ni'shanlari' menen ko'rinse de qaharman xarakterin teren'nen ashi'p ko'rsetiw 50-ji'llardi'n' aqi'ri' 60-ji'llardi'n' da'slepki ku'nlerinen baslap ku'shli rawajlani'w joli'na tu'sti. Usi' ji'llari' do'retilgen T.Qayi'pbergenovti'n', Sh.Seytovti'n', S.Saliev, U.Pirjanov, Q.Kamalov ha'm 70-ji'llardan keyin K.Raxmanov, B.Aymuxammedova, D.Sherniyazova si'yaqli'

birneshe jazi’wshi’lari’mi’zdi’ do’retpeleri a’debiyatshi’ ilimpazlari’mi’zdi’n’, kritiklerimizdin’ tilinde geyde «liriko-psixologiyali’q», geyde «psixologiyali’q» prozani’n’ u’lgisi si’pati’nda bahalani’p kelmekte.

Qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde ko’rkem psixologizm ma’selesi f.i.k., J.Yesenov ta’repinen arnawli’ u’yrenildi. Sonday-aq, bul bag’dar du’nya ju’zilik a’debiyattani’w iliminde M.B.Xrapchenko, Bezrukova, M.Baxtin, S.Bogarov, A.Iezduitov, V.Voronova, A.Esin, ta’jik a’debiyati’nda Nabiev, wo’zbek a’debiyati’nda X.Umurov, Ch.Niyatov ha’m basqa da ilimpazlardi’n’ miynetlerinde so’z yetildi.

Turmi’s shi’nli’g’i’n su’wretlewdegi ko’rkem psixologizmnin’ tutqan worni’ni’n’ arti’wi’ XX a’sir qaraqalpaq prozasi’ni’n’ yen’ u’lken jetiskenliginin’ biri boli’p tabi’ladi’. Sonli’qtan da biz bul bapta milliy prozami’zdi’n’ wo’zbekstan, ha’tteki, buri’ng’i’ Awqam ko’leminde belgili boli’wi’na u’lken xi’zmet islegen jazi’wshi’ T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’na kirgen romanlari’nda qaharmanlardi’n’ xarakterlerin jasawda ko’rkem psixologizmnin’ tutqan worni’na toqtamaqshi’mi’z. Sebebi, jazi’wshi’ni’n’ bul do’retpesinde XVIII-XIX a’sirlerdegi qaraqalpaqlardi’n’ wo’z ma’mleketshiligin quri’wg’a, azatli’qqa yerisiwge degen gu’resleri birinshilerden boli’p ken’ epikali’q masshtabta su’wretleniwin tapti’.

Biz trilogiyani’ tallawdan aldi’n jazi’wshi’ bul shi’g’armasi’nda ko’rkem psixologizm principinin’ su’wretleniwin qalay a’melge asi’rdi’ ha’m T.Qayi’pbergenovti’n’ do’retiwshiligine shekem qaraqalpaq prozasi’nda ko’rkem psixologizm principin kimlerdin’ shi’g’armalari’nda qalayi’nsha sa’wlelendiW Usi’ ma’selelerge toqtap wo’tken maqsetke muwapi’q boladi’.

Revolyuciyadan buri’n bizin’ a’debiyati’mi’z ko’rkem proza do’retiwdin’ ha’zirgi da’wirindegidey da’stu’rine iye yemes yedi. Rus a’debiyati’ni’n’ ta’siri na’tiyjesinde tuwi’sqan wo’zbek, qazaq, tu’rkmen xali’qlari’ a’debiyalari’ndag’i’ uli’wma ilgerilewshilik jag’daylari’ menen ti’g’i’z baylani’sta qaraqalpaq prozasi’ 1920-ji’llardi’n’ basi’nda payda boldi’. Bul da’wirde ko’rkem psixologizm principi

ju’da’ qa’liplesken formasi’nda bolmasa da, A’.Shamuratovti’n’ «Eski mektepte», M.Da’ribaevti’n’ «Mi’n’lardi’n’ biri» povestinde, N.Da’wqaraevti’n’ «Internatta» si’yaqli’ povest ha’m gu’rrin’lerinde wo’zinin’ yen’ jaqsi’ ni’shanlari’ menen ko’rinse de, qaharman xarakterin teren’nen ashi’p ko’rsetiw 1950-ji’llardi’n’ aqi’ri’, 60-ji’llardi’n’ da’slepki ku’nlerinen baslap ayri’qsha ku’shli rawajlani’w joli’na tu’sti. Usi’ ji’llari’ do’retilgen T.Qayi’pbergenov, Sh.Seytov, S.Saliev, U.Pirjanov, Q.Kamalov 70-ji’llardan keyin jazi’lg’an K.Raxmanov, D.Sherniyazova si’yaqli’ bir neshshe jas jazi’wshi’lari’mi’zdi’n’, kritiklerimizdin’ tilinde liro-psixologiyali’q geyde psixologiyali’q prozani’n’ u’lgisi si’pati’nda bahalani’p kelmekte[1]. Bul bag’darda do’retilgen shi’g’armalar tuwrali’ akademik M.Nurmuhammedov, belgili a’debiyatshi’ ilimpazlar S.Axmetov, Q.Maqsetov, Z.Nasrullaeva, J.Nari’mbetov, Q.Kamalov, S.Bahadi’rova, K.Sultanov, K.Xudaybergenov h.t.b. Wo’zlerinin’ bahali’ pikirlerin aytti’. Wolar wo’zlerinin’ kritikali’q maqalalari’nda 60-70-ji’llarda do’retilgen shi’g’aramalardag’i’ ko’rkem psixologizm ma’selesine a’hmiyet berip wo’tti. Ali’p qarayi’q, M.Nurmuxammedov povestlerdin’ rawajlani’wi’ndag’i’ liro-psixologiyali’q belgilerge ayri’qsha toqtap kelip bi’layi’nsha jazadi’: «Ha’zirgi prozaikler... ko’binese qaharmanni’n’ sezimlerin, woy-pikirlerin ashi’p beriwge konfliktler menen xarakterlerdin’ isenimli ha’m teren’ boli’wi’na umti’li’p, u’stirtin su’wretlewlerden ha’m shi’g’arma tilinin’ qurg’aq boli’wi’nan awlaq boli’wg’a ti’ri’sadi’. Psixologiyali’q proza aytarli’qtay tabi’slarg’a yeristi»[2].

Bul romanlar qaraqalpaq a’debiyati’nda wo’mir shi’nli’g’i’n ken’ epikali’q bag’darda su’wretlewge umti’lg’an da’slepki adi’mlar yedi, sonli’qtan, bularg’a xarakterli bir wo’zgeshelik, bir wo’mir shi’nli’g’i’n realistlik su’wretlewge qarag’anda folklorli’q da’stu’r u’lgisi tiykari’nda su’wretlew basi’m yedi.

Soni’n’ menen birge, folklorli’q shi’g’armalarda qaharman obrazi’n jasawda ko’rkem psixologizmnin’ bolg’anli’g’i’n biykarlay almaymi’z. Folklorli’q shi’g’armalarda da ko’rkem psixologizmnin’ yen’ jaqsi’ u’lgilerin ko’riwge boladi’.

---

[1] Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986. 4-б

[2] Нурмухамедов М. Ҳәзирги қарақалпақ прозасының гейпара актуаль проблемалары.–Қарақалпақ әдебиятының мәселелери, Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975, 2-б

Biraq, ko'rkem psixologizmnin' folklorli'q shi'g'armalarda su'wretleniwi menen realistlik shi'g'armalarda su'wretleniw jag'daylari'n bir dep qarawg'a bolmaydi'. Sebebi, folklorli'q shi'g'armalardi'n' do'rewi xali'qti'n' ja'miyetlik sanasi'nda, basqasha aytqanda, ko'rkem woylardi'n' a'de?ir to'men da'rejede rawajlang'an da'wirine tuwra keledi. Bul da'wirde xali'q wo'mir haqqi'nda, turmi's haqqi'nda, qullasi', wo'zlerin qorshag'an wobektiv realli'qti' tar ma'nide tu'singenlikten, folklorli'q shi'g'armalardag'i' waqi'yalar, adam xarakterleri wobektiv turmi's shi'nli'g'i'nan ku'ta' uzaqta su'wretlenetug'i'n yedi. Wolardag'i' qaharmanlar atsa woq wo'tpeydi, shapsa qi'li'sh kespeydi, qanday qi'yi'nshi'li'qlar bolsa da jen'edi, qay jerge barsa da sol jerde jen'iske yerise beredi. Yag'ni'y, wol shi'g'armalarda turmi's haqi'yqatli'g'i' menen ko'rkem haqi'yqatli'qti'n' arasi'ndag'i' sha'rtli tu'rdegi sa'ykeslikke ha'mme waqi'tta itibar berile bermeydi. Ko'rkem psixologizm jetilisken formada realistlik a'debiyatta g'ana wo'zinin' duri's su'wretleniwin tapti'. Solay da, folklorli'q shi'g'armalarda psixologizm realistlik a'debiyattag'i' jetilisken psixologizmnin' tabi'sli' tu'rde a'melge asi'ri'li'wi' ushi'n negiz tayarlanadi'.

60-ji'llardag'i' qaraqalpaq prozasi' a'debiyati'mi'zda buri'nnan bar qaharman obrazi'n jasawdi'n' principin ta'riplewden, qurg'aq bayanlawdan kem-kemnen ko'rkem psixologizm principine wo'tiw menen xarakterlenedi. Prozami'zda xarakter jasawdi'n' ko'rkem psixologizm principinin' qa'liplesiwi ko'plegen jazi'wshi'lari'mi'zdi'n' shi'g'armalari'nda, a'sirese, T.Qayi'pbergenovti'n' shi'g'armalari'nda ani'q ko'zge taslanadi'.

60-ji'llardan baslap ha'zirgi da'wirge shekemgi arali'qta T.Qayi'pbergenovti'n' «Mug'allimge raxmet» povestinde, «Son'g'i' hu'jim» romani'nda, «Suwi'q tamshi'», «Uyqi'si'z tu'nler» povestlerinde, «Qaraqalpaq qi'zi'» romani'nda, «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'nda, «Ta'nha' wo'zin'e ma'lim si'r», «Qaraqalpaqnama», «Wo du'nyag'a atama xatlar» roman-esselerinde qaharman xarakterin jasawda psixologizm principi tabi'sli' tu'rde a'melge asi'ri'ldi'.

T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» romani’nda usi’ ko’rkem psixologizm principinin’ yekinshi ta’repi arqali’ wo’mirdin’ rawajlani’w bag’dari’n ashi’p berip xarakter ha’m sharayatti’ ani’n’ tu’sindiredi. Psixologizmnin’ u’sh tu’ri bar: jazi’wshi’ psixologizmi, sharayat psixologizmi, qaharman psixologizmi. Sonnan qaharman psixologizmi di’qqati’mi’zda boladi’, wolardi’n’ ha’mmesi jo’ninde ayti’ladi’.

«Qaraqalpaq da’stani’» epopeyasi’ni’n’ ju’zege keliwinde de joqari’dag’i’ ayti’p wo’tkenimizdegidey ana ta’biyati’mi’zda buri’nnan kiyati’rg’an «qaraqalpaq qaharmanli’q da’stanlari’ni’n’ ta’jiriybeleri», «bibliografiyali’q usi’li’na quri’lg’an da’stanlardi’n’ ta’jiriybeleri», «wolardag’i’ qi’yali’y ha’m turmi’sli’q waqi’yalardi’ su’wretlewde qaharmanni’n’ psixologiyali’q sezimlerin beriw ta’jiriybeleri» ku’shli ta’sir yetti. Jazi’wshi’ wo’zinin’ bul shi’g’armalari’nda da da’slepkilerindegidey sol da’wirdin’ haqi’yqatli’g’i’n, sol ja’miyettegi turmi’sti’n’ wortasi’nda, xali’q ushi’n a’hmiyetke iye ma’seleler ushi’n gu’res ali’p bari’wshi’ adam xarakterlerine psixologiyali’q tallaw jasaw arqali’ ashi’p beredi.

«T.Qayi’pbergenov tariyxi’y fakt penen wo’zinin’ ko’rkem ati’n bildiredi. Sebebi, avtordi’n’ ko’rkem ati’nan do’regen waqi’yalar menen qaharmanlar tariyxi’y shi’nli’qqa bag’i’ndi’ri’ladi’».

Jazi’wshi’ni’n’ do’retpesinde tariyxi’y roman do’retiwshilikte wo’zine ta’n usi’nday wo’zgesheliklerin Q.Kamalov wo’zinin’ maqalasi’nda jaqsi’lap ko’rsetip bergen. Sonli’qtan jazi’wshi’ bul trilogiyasi’nda Maman biy, Aydos biy, Yernazar biy obrazlari’n wo’zleri jasag’an ja’miyettegi wo’zine ta’n belgilerin, qi’yan-kesti waqi’yalari’n, wolardi’n’ woy-pikirlerinde, ha’reketlerinde ishki jan du’nyasi’nda sa’wlelendirip, ju’reginen wo’tkeriw arqali’ bar jerinde tariyxi’y dereklerge su’yenip, joq jerinde wo’zinin’ ko’rkem woyi’ arqali’ kepserlep ashi’p beredi.

Yendi, usi’ «Qaraqalpaq da’stani’» atli’ trilogiyani’n’ u’sh kitabi’na da qi’sqasha toqtap wo’tpekshimiz. Tiykari’nan bunda Maman biy, Aydos biy, Yernazar biy, Qumar anali’q ha’m bir qansha basqa da qaharman xarakterlerindegi ko’rkem psixologizm principinin’ ashi’p beriliwine toqtap wo’temiz.

## I.2. T.Qayi'pbergenovri'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'nda qaharman obrazi'n jasawda ko'rkem psixologiyali'q su'wretlew usi'llari'ni'n' a'hmiyeti

T.Qayi'pbergenovti'n' «Maman biy a'psanasi'», «Baxi'tsi'zlar», «Tu'siniksizler» atli' romanlari' wo'zinin' tariyxi'yli'g'i' jazi'wshi'ni'n' tan'lag'an tematikasi' wog'ada aktual ma'seleler boli'p, a'debiyat tariyxi'nda siyrek so'z yetilip kiyati'rg'an tariyxi'y waqi'yalardi' wo'z ishine aladi'. Maman biy tariyxi'y adam, biraq woni'n' wo'miri haqqi'nda shi'n ma'nisinde xi'zmet yetiwdin', xali'qqa bas bolarli'qtay xi'zmettin' ayqi'n mi'sali' si'pati'nda jazi'wshi'ni'n' su'wretlep beriwi arqali' g'ana Maman biy tulg'asi' wo'tkendegi a'jayi'p g'ayratkerlerdin' biri qatari'nda bizin' turmi'si'mi'zg'a bekkem wornalasti'. Jeke adamni'n' haqi'yqat u'lgisi si'pati'nda bizge jaqi'n ha'm si'rlas boli'p qali'p woti'r.

Maman biy qaraqalpaq xalqi'ni'n' dan'qli' ullari'ni'n' biri, g'ayratker si'pati'nda pu'tkil wo'mirin xali'qqa xi'zmet yetiwge arnadi'. Wol wo'zinin' bar ku'shin qaraqalpaqlardi'n' xali'q boli'wi' ushi'n, xali'qti'n' ta'g'dirindegi yen' a'hmiyetli ma'selelerge, woni'n' azatli'qqa yerisiwge umti'li'si'na bas bolg'an adam.

Ken' waqi'yalardi' qamti'g'an «Maman biy a'psanasi'» romani'nda T.Qayi'pbergenov tariyxi'y shi'nli'qqa su'yene woti'ri'p, wobektiv tu'rde XVIII a'sirdegi qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si'n ko'rsetiwge Maman biy obrazi'nda, woni'n' iskerliginde ja'mlengen xali'qti'n' ku'shin, wonda toplang'an ideyalardi' anag'urli'm toli'q ashi'p beriwge umti'ladi'. Sonli'qtan, usi'ni'n' menen birge Maman biydin' ha'reketlerin dialog ha'm monologlari' arqali' qaharman psixologiyasi'n, ishki keshirmelerin sheberlik penen su'wretley alg'an. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si'nda Maman biydin' progressiv xi'zmetlerinin' a'hmiyeti ku'ta' zor. Azatli'qqa yeriskende g'ana qaraqalpaq xalqi' a'sirlik artta qali'wshi'li'qti' jen'ip shi'g'a alatug'i'ni'n birinshilerden boli'p tu'singen tek woni'n' wo'zi boldi'. Jazi'wshi' Maman biydin' xi'zmetlerinin' usi' jag'i'na ayri'qsha kewil bo'ldi. Woni' u'lken planda ashi'p bere aldi'.

Maman biy jasag’an zaman bizden ali’sta bolsa da ag’arti’wshi’li’q woyi’ni’n’ mazmuni’, xali’qqa, yelge bolg’an mehri, su’yispenshiligi jag’i’nan bizge jaqi’n ha’m qa’dirli. Maman biydin’ basqa xali’qlardi’n’ wa’killerine hu’rmet penen qatnas jasawi’ woni’n’ wo’z xalqi’na degen teren’ mehir-muhabbati’nan kelip shi’g’adi’.

Tariyxi’y shi’nli’q tiykari’nda roman syujetinin’ rawajlani’wi’ ha’r bir basli’ qaharman obrazi’n jasawdag’i’ waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’n ha’m shiyelenisiwin xarakterleytug’i’n turmi’sli’q koloritlerdin’ beriliwi arqali’ ha’r bir qaharman obrazi’ndag’i’ ishki keshirmelerin wo’tken da’wirdegi zarli’ turmi’si’n ha’m bul joldag’i’ gu’reslerin, qaharmanlardi’n’ qa’legen a’rmanlari’n ha’r ta’repleme sheberlik penen ko’rsete ali’wi’na toqtap wo’teyik.

Romandag’i’ worayli’q waqi’yalardi’ rawajlandi’ri’p, koloritlestirip woti’ratug’i’n qaharman obrazlari’ si’pati’nda xali’qti’n’ yerkinlikke umti’li’wi’n sho’lkemlestiriwshilerdin’ biri bolg’an worazan bati’r, woni’n’ balasi’ Maman biy, Murat shayi’q, I’ri’squl biy, Kuzma Borodin, Ayg’ara biy, Sedet kerey, Amanli’q, Almagu’l, yesengeldi, G’ayi’pxan, Abi’lqayi’r h.t.b. ko’p sandag’i’ biy ha’m bahadi’rlardi’n’ obrazlari’ berilgen.

Romandag’i’ bir qatar waqi’yalar Murat shayi’q, Maman biy, I’ri’squl biy, Almagu’l ha’m Amanli’qlardi’n’ a’tirapi’na ji’ynasti’ri’li’p, jazi’wshi’ tariyxi’y worayli’q syujetti rawajlandi’radi’. Romanda to’mengi qaraqalpaq yelinin’ bati’ri’, xali’qti’n’ yerkinlikke umti’li’wi’ndag’i’ ata-babalardi’n’ tilek a’rmanlari’n jan’g’i’rti’wshi’ iri tulg’a si’pati’nda worazan bati’rdi’n’ obrazi’ berilgen. Romanda worazan bati’r haqqi’nda da bul tariyxi’y bolg’an adamni’n’ xi’zmetin duri’s ko’rsetiwge ha’reket yetken. Worazan bati’rdi’n’ obrazi’n do’rete woti’ri’p, woni’n’ bati’rli’q ha’m ma’rtliklerin ko’rsetiw menen birge jazi’wshi’ qaharman xarakterinin’ psixologizmin sheber jetkere alg’an. Qaharmanni’n’ ha’r bir aytqan so’zlerin, na’siyatlari’n bere woti’ri’p, woni’n’ aqi’lli’li’g’i’n, danali’g’i’n ja’ne bir ma’rtebe ko’rsetiwge ha’reket yetken.

Mamanni'n' biy saylawi'nda jen'iwi, G'ayi'pxanni'n' ga'pleri, yesengeldini yemes, Amanli'q jetimdi atqosshi' yetip ali'wlari' Qon'i'rat yabi' uri'wlari' arasi'nda keskin tarti'sti' keltirip shi'g'aradi'. Mamandi' wo'ltiriw niyeti sezilgen Qon'i'ratli' Jandos baydi' Mamanni'n' wo'ltiriwi, a'kesi worazan bati'rdi' qun ali'w sha'rti menen qurbani' boli'wg'a uli' ushi'n ma'jbu'rleydi. Usi' jerde worazan bati'rdi'n' wolar aldi'ndag'i' uli'na bergen na'siyatlari' ku'ta' ta'sirli berilgen: «duri's islegensen' perzentim, ba'ri bir wol wori's bendelerdi jigerli birew bosati'w kerek yedi, «minsen' biyikke» degen ga'p bar, wori'slarg'a arqa su'yew tawg'a arqa su'yew menen, yelin'e tawdan qorg'an sali'w menen barabar, perzentim, wori's sawdageri sag'an jawi'ri'nshan'i'z joq degende i'rasi'n aytqan...jetimlerden birewin atqa mindirgen de aqi'l bolg'an. Abi'lqayi'rxan tu'lki xan. Woni'n' «shan' jutasan'» degeni qorqi'tqani'. Izinde jigitleri bar adam qorqaq bolmawi' tiyis. Wori'slarg'a tezirek qosi'li'wdi'n', taw qorg'ang'a tezirek tasalani'wdi'n' g'ami'n jew yelimnin' g'ami', yelimnin' nami'si'» dep ata-babalari'mi'zdi'n' wori'slar menen bolg'an dosli'g'i'n, ha'zirgi waqi'tta Abi'lqayi'r menen bolg'an qatnaslardi', yel birligi haqqi'nda na'siyatlaydi'. Worazan bati'rdi'n' bul ha'reketleri arqali' jazi'wshi' woni'n' ishki keshirmelerin ta'sirli tu'rde bere alg'an.

Worazan bati'rdi'n' wo'limi wo'z uri'wlari'ni'n' saltanati'n, uri'w dan'qi'n g'ana woylawshi' ko'p g'ana biylerdin' woylani'wi'na, turmi'sqa teren'irek sin'isip, wo'z uri'wi'ni'n' yemes, al, uli'wma, qaraqalpaq xalqi'ni'n' keleshek ta'g'diri tuwrali' woy jiberiwge ma'jbu'rleydi. Yendi jazi'wshi' ha'r bir qaharmanni'n' ishki psixologiyasi'ndag'i' wo'zgerislerdi beriwge talpi'nadi'.

Murat shayi'qti'n' da woyi', xi'zmeti uli'wma qaraqalpaq yelinin' ta'g'diri, birligi haqqi'ndag'i' ma'selege kelip woraladi'. Wol qaraqalpaq-rus qatnasi'qlari'ni'n' jaqlawshi'lari'ni'n' biri. Murat shayi'qti'n' obrazi' da romanda sol da'wirdin' turmi's shi'nli'g'i' tiykari'nda rawajlani'w hali'nda beriledi.

Woni'n' ha'reketlerinin' jasali'wi'ndag'i' geypara qarama-qarsi'li'qlar, wo'z-ara tu'sinbewshilikler sol da'wirdegi qaraqalpaq xalqi'ni'n' siyasiy-ekonomikali'q turmi'si'ndag'i' keskinlesiwlerdin' ko'rinisi si'pati'nda berilgenligin an'latadi'.

Jazi'wshi' Murat shayi'qti'n' ha'm basqa biylerdin' ko'z-qaraslari'ndag'i' qarama-qarsi'li'qlardi' turmi'sli'q waqi'yalar menen duri's tani'sti'radi'. Woni'n' obrazi'ni'n' qa'liplesiwine turmi'sli'q ta'sir jasaydi'. Murat shayi'q ha'm Maman biy obrazlari'ni'n' bir-birine ta'sir yetiwlerin de jazi'wshi' turmi'sli'q mi'sallar menen bere bilgen. Murat shayi'q biydin' ta'sirli usi'ni'slari'n quwatlaw menen iske asi'radi'. Bulardi'n' ha'mmesi tariyxi'y sharayatti'n' adamdi' qi'si'p taslaytug'i'n, qarama-qarsi'li'qlari', wonnan psixologiyali'q jol tabi'w an'satqa tu'speydi. Jazi'wshi' bul yeki qaharman obrazlari'ni'n' psixologiyali'q keshirmelerin, ishki tolg'ani'slari'n ta'sirli ha'm sheber bere alg'an. Jazi'wshi' Murat shayi'qti'n' xarakterin ko'rseter yeken, qaharmanni'n' ku'ta' aqi'lli'li'g'i'n, ku'ta' iskerlik penen is ali'p bari'wlari'n, danali'q woylari'n, woni'n' is-ha'reketlerinen, ali'p bari'p ati'rg'an ken'esli ma'sla'ha'tlerinen ha'm sol arqali' qaharmanli'qlari'n ishki tolg'ani'slari'n ashi'p berip woti'radi'. Mi'sali': «Wori'slarg'a tikkeley qosi'li'w maqsetke muwapi'q is pe dep woylayman... Kishi ju'zdin' xani'nan biyg'a'rez bolami'z. Wol shaqi'ri'lg'an jerge bizdi de xali'q dep shaqi'radi'. Ha'zirgi ku'nimiz wo'lmes awqat degendey, quyri'qqa baylang'an quyri'q solay a'zizlerim, ko'zimizdin' tirisinde qorlanbayi'q...»[1].

Murat shayi'qti'n' bul aytqan ma'sla'ha'ti qaharmanni'n' xarakterinin' yen' jaqsi' ta'replerinin' biri. Bul obrazdi'n' ja'ne bir ko'zge taslanatug'i'n jeri Murat shayi'qti'n' wo'zinin' sha'kirtlerin wo'z awi'llari'na tarqatar aldi'nda ata-babalari'mi'zdi'n' ruslar menen bolg'an buri'ng'i' dosli'q qatnasi'qlari' tuwrali' aqi'l so'zlerdi ayti'p beriwge wo'z awi'llari'na tarqati'wdi' talap yetken, wori'slar rus puxarashi'li'g'i'na tikkeley wo'tiw ushi'n «Ahidnama» qabi'l yetiwdegi sho'lkemlestiriwshilik uqi'plari' bul obrazdi'n' yen' jaqsi' ta'replerin belgileydi.

Murat shayi'qti'n' aytqan ha'r bir so'zinen wo'z uri'wi'ni'n' shen'berinde sheklenbesten, pu'tkil qaraqalpaq xalqi'ni'n' g'ami', ta'g'dirleri boyi'nsha yeldin' ar-nami'si'n qorg'aw tuwrali' na'siyat yetedi. Murat shayi'qti'n' xarakterindegi psixologizm ma'selesi biz woni'n' Mamang'a bergen aqi'lli' na'siyatlari'nan, wol

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Тарийхый трилогия. I китап. Маман бий әпсанасы. Нөкис:

tuwrali’ woti’nshi’ g’arri’lardi’n’ gu’rrin’lerinen «Ahidnamani’n’ u’lgisin talqi’lawda, Abi’lqayi’rdi’n’ topi’li’si’na qarsi’ gu’resinde, Qon’i’rat uri’wi’ basshi’lari’ni’n’ I’ri’squl ta’g’diri tuwrali’ bergen ken’eslerinde h.t.b ko’rinedi.

Jazi’wshi’ Murat shayi’qti’n’ obrazi’ndag’i’ psixologiyali’q keshirmelerdi romandag’i’ basqa obrazlarg’a sali’sti’ri’w arqali’ woni’n’ woylaw sezimlerinin’ arti’qmashi’li’g’i’n, aqi’lli’li’g’i’n, danali’q na’siyatlari’n teren’ woy pikir ju’ritip ken’es beriwindegi arti’qmashli’g’i’n da joqari’ da’rejede bere alg’an. Mi’sali’: G’ayi’pxan menen Murat shayi’qti’n’ tosattan ushi’rasi’wi’ waqti’nda so’ylesiwlerin ta’sirli dialoglar arqali’ tani’sti’radi’.

Bul wori’nda Murat shayi’q xali’qti’n’ keleshegi tuwrali’ yelge jaslardi’n’ ishinen basshi’ saylaw kerekligi tuwrali’ aytsa, G’ayi’pxan an’shi’ iytti ku’shiginen baslap awzi’n qang’a basi’p u’yretiw tuwrali’: an’shi’li’qti’ ha’m iytlerin tan’laydi’. Woqi’wshi’ni’n’ ko’z aldi’nda ji’g’i’rdani’ qaynap turg’an ashi’wli’ Murat shayi’q pa’msiz G’ayi’pxan yag’ni’y bir da’wirde jasap ati’rg’an yeki tu’rli woydag’i’, yeki tendenciyadag’i’ adamlar menen tani’sadi’, yamasa Murat shayi’qti’n’ psixologiyali’q xarakterin woni’n’ yeldi biriktiriwindegi biylerdin’ ba’rin birge boli’wg’a shaqi’ri’wi’ndag’i’ «Ahidnama»ni’ talqi’lawdag’i’ woylasi’qta birinshilerden boli’p biylerdi birlikke shaqi’radi’. Wol juwmaqlawshi’ «Ahidnama»ni’ talqi’lawda da woni’ Peterburgke Maman biy baslag’an wa’killer menen jiberiwde, Amanli’qti’n’ xojali’g’i’n tiklew, Ayg’ara ha’m Sedet kereyler menen bolg’an dosli’q baylani’slardi’n’ da tiykarg’i’ wo’zegi si’pati’nda ko’zge tu’sedi.

Murat shayi’qti’n’ xali’qti’ qorg’awdag’i’ yerlikleri, jigerlendiriwshi so’zleri pu’tkil xali’qti’n’ Watani’n qorg’awg’a atlandi’radi’. «Watanlaslari’m, boldi’rman’lar... ji’lag’an bala dawi’si’na qulaq sali’n’lar...ol sorli’ qaraqalpaqti’n’ balasi’, ha’r bir tamshi’ jas ushi’n dushpang’a nayza ur. Attan awdar... qarap turma, tas i’laqti’r»-dep ti’ni’msi’z at japqi’lap ju’rgen Murat shayi’qti’ birde Qon’i’rat

«Қарақалпақстан», 1989 (yendigi mi’sallar usi’ basi’li’mnan ali’nadi’)

awi’li’ u’stindegi dushpan menen shayqasta, birde yabi’ awi’li’ nayzalasi’wda ko’remiz.

Solay yetip, jazi’wshi’ Murat shayi’qti’n’ obrazi’ arqali’ XVIII a’sirdin’ 40-ji’llari’nan keyingi qaraqalpaq turmi’si’nda ju’z bergen siyasiy-ekanomikali’q keskinlesiwlerdi tariyxi’y shi’nli’q tiykari’nda ko’rsete bilgen. Jazi’wshi’ Murat shayi’qti’n’ obrazi’n jasawda biraz jetiskenlikke yeristi. Qaharmanni’n’ ali’p barg’an ha’reketleri arqali’, ju’rgizgen aqi’lli’ ma’sla’ha’tleri, xali’qti’ biriktir?degi ruwxi’y keshirmeleri arqali’ qaharman xarakterine tiyisli bolg’an woni’n’ psixologiyali’q ta’replerin yag’ni’y ishki keshirmelerin, qaharman menen bolg’an dialog ha’m monologlari’ arqali’ Murat shayi’qti’n’ psixologiyali’q xarakterin ku’ta’ ta’sirli ha’m joqari’ da’rejede ko’rsete alg’an.

Romandag’i’ basli’ qaharman obrazlari’ni’n’ jasali’w ta’repi haqqi’nda ayti’p wo’temiz, wolardi’n’ jetiskenliklerin so’z yete woti’ri’p, biz tiykari’nan bul jerde di’qqatqa i’layi’q Maman biy obrazi’ni’n’ jasali’wi’na, woni’n’ xarakterinin’ ashi’p beriliwine, ishki ruwxi’y keshirmelerin, yag’ni’y, psixologiyali’q ta’replerinde so’z yetiwdi maqul tapti’q.

Maman biy-romandag’i’ barli’q waqi’yani’n’ rawajlani’w wo’zegi. Ha’r bir waqi’ya ha’m epizodqa baylani’sli’ ati’ atani’p, romanni’n’ basi’nan aqi’ri’na shekem janli’ ha’reket yetip ju’riwshi obraz. Romanda Maman biy obrazi’ ko’p g’ana qarama-qarsi’li’qlarg’a ushi’rap, woni’ jen’iw arqali’ yen’ jaqsi’ idealdi’ xali’qli’q xi’zmeti menen xarakter jag’i’nan jetisken obraz.

Jas Mamanni’n’ ko’z-qaraslari’ni’n’ qa’liplesiwine ta’sir yetken turmi’sli’q waqi’yalari’, a’jayi’p adamlar bar yedi. Wol shi’g’armada ku’ta’ ha’reketshil, atalardi’n’ na’siyati’na sadi’q turmi’sti’ wo’zinshe baqlawlari’ menen pikir ju’rgiziwleri romanni’n’ basi’nan-aq ko’zge tu’sedi. Jazi’wshi’ romanni’n’ worayli’q waqi’yasi’n Maman biyge baylani’sli’ alg’a qaray rawajlandi’ra woti’ri’p, wol da’wirdin’ keskin qarama-qarsi’li’g’i’n da bere alg’an. Mamanni’n’ sarsan’ kesek yetip wo’limge buyi’ri’li’wi’, jetimlerdin’ qorg’ap qali’wi’, wori’s qorg’ani’ quri’li’si’na qatnasi’wi’, woni’n’ basqa millet adamlari’ menen tani’si’wi’, yabi’

menen Qon’i’rat uri’wi’ arasi’ndag’i’ ala awi’zli’qti’ joyi’w ushi’n Jandos baydi’ wo’ltiriwi si’yaqli’ waqi’yalardi’n’ barli’g’i’ derlik Maman biy xarakterinin’ psixologiyali’q ta’replerin ashi’p beriwge basli’ di’qqatqa i’layi’q. Sebebi, biz qaharman psixologizmin biliw ushi’n woni’n’ ishki keshirmelerin, woy-tolg’ani’slari’n ani’qlaw ushi’n qaharmanni’n’ ba’rshe ha’reket yetip ju’rgenlerin, aytqan ha’r bir so’zinen, danali’q ga’plerinen, minez-quli’qlari’, sheshenlik ta’repleri arqali’ g’ana bile alami’z.

Mine, sonli’qtan da jazi’wshi’ bul qaharman psixologizmin beriwde joqari’ na’tiyjelerge yerise alg’an. Qaharmanni’n’ ha’r bir basqan qa’demi, ha’r bir aytqan ga’pleri, ali’p bari’p ati’rg’an biylik isleri woni’ yele de teren’nen woylani’wg’a, pikir ju’ritiwde, aljaspaw ushi’n ilaji’ bolg’ani’nsha danali’q penen, aqi’l menen is ali’p bari’wi’nda woni’n’ psixologiyali’q ta’repine woy-tolg’ani’slari’ u’lken a’hmiyetke iye.

Mi’sali’, mi’na bir ko’rinisti ali’p qarayi’q: «Maman yele qaytqan joq, yele turi’pti’... qulag’i’na saza kelgendey boldi’... Jetimler! Mamandi’ qorg’an’lar! Maman ushi’n wo’lemiz! Qorg’adi’, wo’ldi!» dep gu’birlernip Maman aldi’na yen’terildi. Man’layi’ yerdin’ basi’na saq yetip tiyip, ko’zin ashti’. U’yge kiriwden qaptalg’a to’sewli turg’an to’sektin’ u’stinde du’s to’menine ji’g’i’ldi’. Qulag’i’ gu’w-gu’w: «Jetimler! Mamandi’ qorg’an’lar!»[1].

Bul Mamanni’n’ Allayardi’ ha’m basqalardi’ jazasi’ ushi’n jazalawg’a buyri’q bergenligi wo’zinin’ bergen buyri’g’i’na qi’ynali’p hu’jdan azabi’nda azaplani’p ati’rg’andag’i’ qaharmanni’n’ ishki woy-tolg’awlari’ yedi. Ha’r bir qatti’ ha’reket qaharmandi’ ku’shli psixologiyali’q woylawg’a ali’p keledi ha’m soni’n’ na’tiyjesinde woni’n’ ruwxi’y keshirmeleri qaharmanni’n’ ishki monologlari’ arqali’ ju’zege shi’g’i’p woti’radi’.

Xali’qti’n’ ta’g’dirin sheshiwde wolardi’ barli’q qi’yi’nshi’li’qtan ishki ha’m si’rtqi’ dushpanlardan Maman biy isi menen, gu’resinin’ tili menen dilwar, dana biy bolg’anli’g’i’n jazi’wshi’ turmi’sli’q tariyxi’y waqi’yalardi’n’ shen’berinde

tani’sti’radi’, ha’r qi’yli’ keskin konfliktli waqi’yalarda sen’dey_sog’i’sti’ri’p, woni’n’ obrazi’n psixologiyali’q ta’replerin bari’nsha qa’liplestirip woti’radi’.

Romandag’i’ waqi’yalar rawajlang’an sayi’n xali’qti’n’ ayani’shli’ tariyxi’y turmi’si’, siyasiy-ekanomikasi’ni’n’ qarama-qarsi’li’qlari’ ken’nen ma’lim boli’p, romandag’i’ ja’miyetlik konflikt te keskin tu’rde shiyelenisedi. Bul jag’day romandag’i’ obrazlardi’n’ xarakter jag’i’nan ko’birek ashi’li’wi’na wo’zine ta’n individual wo’zgesheligin ha’m soni’n’ menen birge qaharmanlardi’n’ ishki ha’m si’rtqi’ psixologiyali’q ta’replerinin’ ashi’li’wi’na bari’nsha bag’dar berip woti’radi’.

Bir so’zlilik, dosqa sadi’qli’q, bawi’rmanli’q, hu’jdanli’ miynet, haqi’yqatli’q ushi’n gu’res xali’qti’n’ buri’nnan kiyati’rg’an yen’ jaqsi’ qa’siyetlerinin’ biri. Bul belgilerdi jazi’wshi’ Maman biy obrazi’ arqali’ duri’s tani’sti’radi’ ha’m soni’n’ menen qatar qaharmanni’n’ psixologiyali’q xarakterin de ashi’p berip woti’radi’. Mi’sali’, romandag’i’ qaharmanni’n’ si’rtqi’ psixologiyasi’ woy-pikirlerin ali’p qarayi’q: «Jazi’wshi’ ja’birlengen xali’qti’ da ata ma’kani’nan zorli’q penen quwi’li’p ati’rg’an xali’qti’n’ turmi’si’n tani’sti’ra woti’ri’p, Maman biydin’ xali’qti’ baslap ko’shiwi, ti’ni’msi’z at shabi’wlari’n, qi’zg’i’n is u’stinde tani’sti’radi’... ha’tte jolda ashi’rqap jol azabi’n tartqan Begdulla qara saqallar woni’n’ ati’n soyi’p jep, woni’ yeline teris mindirip qaytaradi’.» Jazi’wshi’ Maman biydin’ ashli’q jol azabi’nan sharshag’an, wo’z xalqi’ ta’repinen jazalani’wi’n bi’lay tu’sindiredi: «Iyesi, xalqi’ qalay jazalansa, sog’an qayi’l biy biyliginen, yelinen jurday boli’p, ko’k yeshek u’stinde tersekey woti’ri’wi’ menen gu’n’irenip ji’lap kete beredi».

Romanda Maman biy obrazi’ni’n’ ko’zge taslanarli’q jerleri woni’n’ yesengeldi biy menen bolg’an wo’z-ara soqli’g’i’si’wlari’ arqali’ wolardi’n’ xarakterleri de yelede teren’irek ashi’p berilip woti’radi’, wolardi’n’ miynetkesh xali’qti’n’ keleshegine bolg’an ko’z-qaraslari’ ani’qlanadi’.

---

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Тарийхый трилогия. I китап. Маман бий әпсанасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989, 114-115-бб

Romandag'i' yeki biy wortasi'ndag'i' soqli'g'i'si'wlar sol da'wirdegi siyasiy du'zimdi xarakterlewshi turmi'sli'q konflikttin' ko'rinisi. Maman biydin' Xiywag'a bari'wi', jaslardi' wo'ner u'yretiw ushi'n tarqati'wshi'lari' haqqi'ndag'i' waqi'yalardi' jazi'wshi' Amanli'qti'n' Matyakub sharbaqshi', Bektemir menen bolg'an so'ylesiwleri arqali' tani'sti'radi'.

Uli'wma, Maman biy obrazi'n do'retiwde, woni'n' xarakterin, ishki woy keshirmelerin beriwde jetiskenliklerge yerisken.

Qaharman psixologizmin woni'n' aqi'lli'li'q penen ali'p barg'an biylik basshi'li'g'i'nan, danali'q penen aytqan ken'es ma'sla'ha'tlerinen, xali'qqa bolg'an mehir-muhabbati'nan ko'remiz. Psixologizm wo'tmishti yeslew arqali' payda boli'wi' da mu'mkin, sharayatti' tu'sindiriwge sebebinen boladi', keleshekti de ani'qlaydi'.

Romanda so'z yetilgen Almagu'l, Bag'dagu'l h.t.b hayal-qi'zlar ten'sizligin, hayal-qi'zlardi'n' zarli' turmi'si'n, xanlardi'n' wolarg'a ko'rsetken zuli'mli'qlari'n ko'rsete woti'ri'p ha'r bir qa9arman obrazlari' arqali' sol da'wirdin' hayal-qi'zlari'ni'n' psixologizmin de jetkere alg'an. Mi'sali', woni' biz Almagu'ldin' aytqan zarli' nali'slari'nan ani'qlaymi'z. Woni'n' Nurabi'lla qara saqaldi'n' u'yindegi gu'rrin'lesiwinen keyingi keterdegi ga'pin ali'p qarayi'q: «A'jag'am meni izleyjaq bolsa, joli'n aytayi'n. Men ju'rip wo'tken soqpag'i'mdi' ko'z jas penen ma'n'gi i'zg'ar yetip qaldi'raman. I'zg'ar soqpaq ko'rse Almagu'l sonnan ju'rip wo'tken desin»[a'] dep aytqan so'zi arqali' biz hayal-qi'zlari'mi'zdi'n' turmi'si'n, xarakterindegi psixologizmin ko're alami'z.

Juwmaqlap aytqanda, «Maman biy a'psanasi'» tariyxi'y roman boli'wi' menen birge, wonda yelimizdin' xalqi'mi'zdi'n' wo'tmish tariyxi', tariyxi'y adamlari'n so'z yetiw menen birge bunda xali'qti'n' a'rmani', tilegi, birgelikli jasawdag'i' u'mit a'rmanlari' so'z yetilgen. Jazi'wshi' romandag'i' so'z yetilgen ha'r bir qaharman obrazi'n do'reter yeken, ha'r bir qaharmanni'n' is ha'reketin, ma'rtligin, bati'rli'g'i'n, aqi'lli', danali'g'i'n ko'rsete woti'ri'p sol qaharmanlardi'n' ishki

du’nyasi’n, woy-tolg’ani’slari’n, debdiwlerin, tilek a’rmanlari’n, uli’wma alg’anda, qaharmanlardi’n’ psixologizmin jetkere biliwge ha’reket yetken.

T.Qayi’pbergenovti’n’ qa’lemine tiyisli ko’lemli romanlari’nan ja’ne birewi bul woni’n’ yekinshi kitabi’, yag’ni’y, «Baxi’tsi’zlar» boli’p tabi’ladi’.

Biz joqari’da «Maman biy a’psanasi’» romani’ndag’i’ su’wretlengen qaharmanlar obrazlari’ni’n’ psixologizmin so’z yettik. Wondag’i’ jazi’wshi’ni’n’ qaharman psixologizmin ashi’p beriwdegi jetiskenlik sheberliklerine az da bolsa toqtap wo’tken yedik.

Yendi biz «Baxi’tsi’zlar» romani’ndag’i’ Aydos biyge tiyisli bolg’an, qaharman xarakterinin’ ashi’li’w jollari’na, qaharmanni’n’ minez-qulqi’na, woy-qi’yali’na, ishki keshirmelerine, tilek-a’rmanlari’ni’n’ jazi’wshi’ ta’repinen qanshelli da’rejede sheber berile alg’anli’g’i’n ko’rip wo’tpekshimiz. Soni’n’ menen birge Maman biy ha’m Aydos biy xarakterlerindegi uqsasli’q ha’m wo’zgeshelikti bir-birine sali’sti’rg’an halda qarap wo’tiwdi maqset yettik.

Aydos biy de Maman biy si’yaqli’ tariyxta bolg’an adam. Woni’n’ barli’q xi’zmetleri qaraqalpaq xalqi’n biriktiriwge woni’n’ azatli’qqa yerisiwge bolg’an a’rmanlari’ menen baylani’sli’. Jazi’wshi’ bizge Aydos biy obrazi’n do’reter yeken, woni’n’ ma’rtligin, bati’rli’q ku’sh g’ayrati’n ko’rsete woti’ri’p, qaharmanni’n’ xarakterin ashi’p beriwge ha’reket yetken. Aydos biydin’ unamli’ ha’m unamsi’z ta’replerin so’z yete woti’ri’p qaharmanni’n’ xarakterin, jeke wo’zine tiyisli bolg’an psixologizmin woni’n’ xali’q penen bolg’an so’ylesiwleri arqali’ jeke wo’zinin’ woy-pikir ju’ritiwleri, woylawlari’ arqali’ bari’nsha ta’sirli yetip jetkeriwge uri’ng’an.

Romandag’i’ waqi’yalardi’n’ rawajlani’p konfliktlerdin’ ju’zege keliwine ha’m wolardi’n’ sheshiliwinde bul qaharman obrazi’ni’n’ xarakteri jetekshi wori’n iyeleydi. Ba’rshe boli’p ati’rg’an waqi’yalardi’n’ saldari’nan, keskin konfliktlerdin’ arasi’ndag’i’ g’ana biz qaharmani’mi’zdi’n’ psixologizminin’ ashi’li’wi’na jol ko’rsetkenligin ko’re alami’z. Romanni’n’ bas qaharmani’ Aydos biy, ja’ne woni’n’ yeki inisi Begis ha’m Mi’rji’q.

Aydos biy ne aytsa, yeki inisi ushi’n da, xali’q ushi’n da ni’zam, wonnan ruxsatsi’z hesh qanday daw da sheshilmeydi.

Aydos biy menen Qon’i’rat ha’kimi To’remurat suwpi’ni’n’ aralasi’wi’ aqi’betinde payda bolg’an konflikt na’tiyjesinde awi’zbirshilikli adamlar arasi’nda ala awi’zli’q baslanadi’. Sonli’qtan, romanni’n’ tiykarg’i’ syujetin ha’reketke keltiriwshi bas konflikt Aydos biy menen To’remurat suwpi’ arqali’ berilgen. Romandag’i’ bunnan basqa ja’rdemshi konfliktlerdin’ ha’mmesi usi’ bas konflikt penen baylani’sli’ tu’rde ha’reket yetedi. Yeger konflikt bolmasa turmi’sli’q haqi’yqatli’q izbe-iz su’wretlenbes yedi. Tek xarakterlerdin’ wo’z-ara soqli’g’i’si’wi’ na’tiyjesinde g’ana wolardi’n’ psixologizmi, ishki du’nyasi’ ashi’ladi’, yag’ni’y, qarama-qarsi’li’qlari’ sheshiliwi arqali’ yeki ta’reptin’ ko’z-qaraslari’, woy-pikirleri, ishki debdiwleri, ne islegenleri ha’m kim yekenlikleri ko’zge taslanadi’.

Aydosti’n’ obrazi’n qarap wo’ter yekenbiz, woni’n’ psixologiyali’q ta’replerin, qaharmanni’n’ ishki tolg’ani’slari’ni’n’ konkret gu’wasi’ boli’p woti’rami’z.Bul qaharmanni’n’ woy-qi’yali’ tek bir na’rse, xali’qti’ bir jerge ja’mlew.

Aydos tariyxi’y dereklerde ko’rsetilgenindey ha’m romanda su’wretlengenindey, sonday ku’shli, dana, aqi’lli’, wo’tkir pikirli, bir so’zli, zamani’ndag’i’ qatar qurbi’lari’ni’n’ arasi’nda jolbari’stay aybat shekken ag’la biy.

Tilegi ha’r qaysi’si’ ha’r kimge arqa su’yep baslari’na bir awi’r ku’n tuwsa si’rttan ma’det ku’tip woti’ri’p pi’ti’ran’qi’ xalqi’n bir jerge ja’mlew, ha’mme uri’wlar birigip, qaraqalpaq xanli’g’i’ du’zimi basqadan biyg’a’rez jasar yedik, wo’zimizdin’ qalami’z, wo’zimizdin’ ka’rwan sarayi’mi’z bolar yedi, ul-qi’zlari’mi’z woqi’g’anday meshit medresemiz bolar yedi dep a’rman yetedi ha’m usi’ a’rmani’ni’n’ iske asatug’i’ni’na toli’q isenedi. Mine, jazi’wshi’ ta’repinen Aydos biydin’ xarakterin su’wretlep ko’rsetken psixologizmi.

Romandag’i’ qaharmanlardi’n’ ishki du’nyasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlardi’n’ sa’wleleniwin, wolardi’n’ xarakterlerinin’ ha’lsiz jag’i’ menen ku’shli ta’replerinin’ gu’resi si’yaqli’ ju’zege shi’g’i’p woti’radi’. Mi’sali’: Aydos biydin’ Xiywa

xani'ni'n' ku'shine isenip paydalani'p yeldi biriktiriwdi a'melge asi'rg'an menen biraq, xan la'shkerleri wo'tken jerge giya, sho'p ko'germeytug'i'nli'g'i'n yeslep wo'tken islerine wo'kiniwleri, soni' yeslemey wo'zinin' de ti'ni'sh woti'ra almag'anli'g'i', woylap ku'yiniwleri, yeki inisin ten'dey wo'ltirgendegi tolg'ani'slari' h.t. basqa si'yaqli' waqi'yalardi'n' rawaj ali'wi' menen qaharmanlari'mi'zdi'n' ishki tolg'ani'slari'ni'n' ashi'li'wlari'ni'n' gu'wasi' bolami'z.

Mi'sali': Aydosti'n' Xiywa xani'ni'n' ga'pine isenip, yeki inisin wo'ltirip, xan bolaman degendegi qi'yali'ni'n' wo'tirik yekenin sezgennen keyingi woni'n' awhali'n alayi'q: «Aydos yeki shekesin qi'si'p sho'kke tu'sip woti'ri'p qaldi'. Qutli'murat inaq Aydosti'n' yen'k-en'k ji'lap woti'rg'ani'n ko'rip ag'ashtay sa'rriydi...Datxanadan qanday jag'dayda shi'qsa da, basqalarg'a si'r aldi'rmay, ko'ringenge bas iyip ku'lip sa'lemlesetug'i'n biydin' ko'zleri jer ko'rmedi, miyi men'-zen' boli'p, saraydi'n' da'rwazasi'na jetkenshe bir neshe su'rnikti. Yesitkenleri azday murtlash da'rwazaman ja'ne g'a'zep ilgegin tasladi'.

-Aydos qaraqalpaq!

Basi'n'a tay shi'g'an'di' kiy de mali'n'di' baq

Yeki birdey inin'di ten' wo'ltirip

Xiywali'day xan bolmag'a ha'ddin'e baq

-Aldandi'm Dospan,-dedi bolg'ani'

Qayti'p so'ylewge tili kelmey yeki ko'zinen jas parlawi' menen, atti'n' basi'n bosqa jiberdi. «Mayli' shen'gel»ge jetkende Aydos wo'kirip jiberdi. Wol yerde woti'ra almay awi'p ji'g'i'ldi'»[1]

Jazi'wshi' usi'nday dialog arqali' qaharman xarakterin, ruwxi'y keshirmelerin hu'jdan azabi'na qi'ynali'p, aldani'p qalg'an Aydosti'n' basi'nan wo'tken psixologizmin ta'sirli yetip jetkere alg'an. Woqi'wshi'ni'n' ju'regine qozg'aw salarli'q bul ko'rinis jazi'wshi'ni'n' qaharman xarakterinin' ishki du'nyasi'na, woy-

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дəстаны. Тарийхый трилогия. I китап. Маман бий əпсанасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.

qi’yali’na kirip, woni’n’ tolg’ani’slari’n, qi’ynali’wlari’n tu’siniwge ha’m woni’ sheberlik penen ko’rsete ali’wi’nda ko’rinedi.

Usi’ jerde Aydos penen Dospan yekewi arasi’ndag’i’ dialogti’ ja’ne bir ali’p qarayi’q. Bundag’i’ Aydosti’n’ ishki keshirmelerine toqtap wo’teyik:

- Xanni’n’ so’zine sheksiz isenip, aldandi’m! Dosti’n’di’ maqtasan’ jamanli’g’i’ bolg’an ku’ni aytarli’qtay, dushpani’n’di’ jamanlasan’, jaqsi’li’g’i’ bolg’an ku’ni aytarli’qtay san’laq qaldi’ri’w kerek yeken. Men woni’ san’laq qaldi’rmay maqtar yedim, aldandi’m, yendi yel-jurtqa ne deymenW Baxi’tsi’z boldi’m, baxi’tsi’z?...

- Joq biy baba, siz baxi’tsi’z yemessiz! kisini aldag’an, wa’de i’qrari’n buzg’an adam baxi’tsi’z!...

Xan baxi’tsi’z!...

Aydos buni’n’ menen ti’ni’sh tappay qi’rg’a shi’qqan i’laqaday ja’ne bir zaman tuwadi’:

-Xanni’n’ yeki tu’rli g’a’ziynexanasi’ bar yekenin bilmedim. Biri alti’ng’a, yekinshisi bos wa’dege toli’ yeken. Men son’g’i’si’na qa’na’a’t qi’li’p ju’re berippen, aldandi’m, Dospan. Mag’an yendi wo’lim miyasar, tek wo’lim!.

Jazi’wshi’ Aydosti’n’ psixologiyali’q xarakterin ju’da’ sheber ta’sirli yetip ko’rsete alg’an. Aldang’ani’n bilgen Aydosti’n’ awhali’ ju’da’ to’men yedi. Wol xanni’n’ bos wa’desine isenip yeki inisin wo’ltirgenlerin jazi’wshi’ ta’sirli yetip Aydosti’n’ tilinen ali’p su’wretleydi. Bundag’i’ Aydosti’n’ xan tuwrali’ woylari’na, wo’zinin’ sadali’g’i’na bir aqi’l juwi’rti’p ayta basladi’.

Bul qaharman xarakterinin’ ja’ne bir jetiskenlik penen shi’qqanli’g’i’n ko’remiz. Usi’ Aydosti’n’ xarakterine tiyisli ja’ne bir ko’rinisin alayi’q. «Neshe adamni’n’ ko’z jasi’na qaldi’m. Yeki inimdi ne ushi’n wo’ltirdimW Qaraqalpaqqa xanli’q beredi dep wo’ltirip yedim. Quri’si’n bul yalg’anshi’ du’nya! Ko’rmeyin, Dospan qayti’p ko’rmeyin! Menin’ qi’li’shi’m qayda? A’per yamasa wo’zin’ soy jani’m!

Wol ga’ shapshi’p, ga’ Dospandi’ julqi’lap nag’i’z delbege aynaldi’. Sonsha aqi’lli’, ha’r qanday qi’yi’nshi’li’qqa to’zimli, parasati’ zor bul adamdi’ ti’ni’shlandi’ri’w kem-kem qi’yi’nlasti’. Ishegi wo’rtenip barati’rg’anday, ga’ ishin ti’rnaydi’, ga’ basi’n qamti’lap jerge uradi’, ga’ wo’z saqali’n wo’zi juladi’».

Usi’ jerde ja’ne bir ayta ketetug’i’n bir na’rse Aydos penen Dospanni’n’ is-ha’reketine tu’singendey, wolardi’n’ qi’ynalg’ani’n sezgendey, iyesinin’ qi’ynalg’anlari’n ko’rip bulardi’n’ atlari’ da qi’ynali’p ju’rgendey. Mi’sali’:

«Iyelerinin’ basi’na tu’sken musallatti’ sezgendey yeki atti’n’ da ko’zlerinen suw ag’i’p, wotlamastan turi’pti’».

Mine bul da jazi’wshi’ni’n’ qaharman xarakterin asha woti’ri’p ha’tte sol ja’niwarlardi’n’ da qi’ymi’l ha’reketlerin qaharmanni’n’ ishki da’rtlerine sherikles yekenligin ko’rsetip beredi.

Jazi’wshi’ Aydosti’n’ psixologizmin su’wretlew menen birge xali’qti’n’ da, woni’n’ yen’ jaqi’n doslari’ni’n’ da ishki keshirmelerin ko’rsetedi. Mi’sali’: Aydosti’n’ xannan aldang’ani’n yesitip xali’q woni’ ayap jani’ ashi’ydi’. Sondag’i’ YUsupjan shabandozdi’n’ Aydosqa aytqan na’siyati’n ali’p qarayi’q:

«Jas u’lken bag’man arbada woni’n’ betine u’n’ilip woti’ri’p ayag’anli’qtan ko’zlerine jas ali’p, qamsi’g’a-qamsi’g’a na’siyatladi’:

Aydos biy biz, ko’binese, sizdi jaqsi’ tani’ymi’z, ba’rha’ tileklespiz. Siz ulli’ maqsettin’ adami’si’z. Ulli’ maqseti bar adam wo’lmeydi, wo’lmewi tiyis, ti’ni’shlani’n’i’z. Biz diyxanbi’z. bag’manbi’z bag’ yegemiz. Sizdi aldag’an xang’a qarsi’ uri’sqa barami’z».

Jazi’wshi’ Yusupjan shabandozdi’n’ bul danali’q ga’plerin keltirer yeken, sol arqali’ bizlerge Yusupjan shabandozday xali’qti’n’ azamatlari’ni’n’ bar yekenligi, wolardi’n’ ba’rhulla gu’reske tayar yekenligi ha’m sonday bati’r insanlardi’n’ xarakterindegi psixologizmdi usi’ qaharman obrazi’ arqali’ ko’rsetip woti’radi’. Usi’ Aydos biy menen Yusupjan arasi’ndag’i’ ja’ne bir dialogti’ ali’p qarayi’q. bul da qaharman xarakterinin’ ishki tolg’ani’slari’n ashi’wg’a ja’rdem beredi. Bir ku’ni

a’bden hali’ ketip suwi’q demin ali’p gu’rsinip jati’rg’ani’nda bag’man bas ushi’na shi’g’i’p ja’ne ta’selle aytti’:

- «Jesir qati’n alg’an kisi tayi’n ballarg’a a’ke boladi’» degen naqi’l bar. Aydos siz bir yelge a’kesiz. Usi’nnan wo’lsen’iz pu’tkil yelat jetim qaladi’. Xiywa xani’ni’n’ tilegide usi’. Sizden keyin wol jetimlerge a’ke boladi’. Wo’limdi woylap, yelin’izdi jesir qati’n qi’lman’i’z, qaraqalpaq ushi’n wol wo’gey a’ke sizdey bir a’kege tati’maydi’.

Aydosti’n’ uyqi’si’z ko’zleri alari’p, bag’mang’a bir maydan tigilip soradi’:

- Solay ma?

- Solay, Aydos biy

- Aldag’an baxi’tsi’z ba, aldang’anba?

A’lbette, aldag’an baxi’tsi’z!-dedi bag’man. Mine, bag’manni’n’ bul danali’q penen ayti’lg’an ga’pleri wo’z worni’nda ayti’lg’an. Bul aqi’l ga’pler qaharmanlari’mi’zdi’ wo’liw niyetinen awlaq yetedi. Bul danali’q ga’pler Aydosqa ku’sh-quwat beredi, woni’ jigerlendiredi. Belin bekkem buwi’wg’a, xali’qti’ yeldi birlestiriwge iytermeleydi.

Jazi’wshi’ bul yeki qaharman arasi’ndag’i’ wo’z-ara si’rlasi’p so’ylesiwler arqali’ bir jag’i’nan bag’manni’n’ ju’da’ danali’g’i’n aqi’lli’li’q penen aytqan na’siyati’n ko’rsetpekshi boladi’. Yekinshi jag’i’nan, sol ayti’lg’an ha’r bir danali’q ga’pler arqali’ woni’n’ psixologizmin ashi’p beredi, ta’sirli shi’g’i’wi’na ha’reket yetedi. Soni’n’ menen birge psixologizmnin’ qaharmang’a ko’rsetken a’hmiyetin bermekshi boladi’. Sebebi, bul ga’pler Aydos ushi’n ku’ta’ paydali’ ha’m a’hmiyetli yedi. Mine, bul da jazi’wshi’ni’n’ qaharman xarakterinin’ psixologizmin ashi’p beriwdegi ja’ne bir jetiskenligi desek asi’ra aytqan bolmaymi’z.

Jazi’wshi’ Aydosti’n’ xarakterin ashi’p beriwde biraz jetiskenlikke yerisken. Mi’sali’, Aydosti’n’ xarakterine tiyisli bolg’an to’mendegi ko’rinisti alayi’q. Aydosti’n’ atqosshi’si’ Dospanni’n’ wo’z biyinin’ gellesin alar aldi’ndag’i’ yekewinin’ dialoglari’:

«Aydos wog'an bir zaman u'n'ilip turi'p qi'nabi'nan qi'li'shi'n aldi' da Dospandi' shi'qi'rdi'. Woni'n' dawi'si'nan qi'yali' buzi'qli'g'i'n tu'sinse de Dospan aldi'na keldi.»

- At penen qatar jat!

Dospan ash qasqi'rg'a tap bolg'an jetim qozi'day ses shi'g'ari'wg'a hali' kelmey, tula bedeni qalti'rawi' menen du's to'menine tu'sti. Aydos mi'rs yetip ku'lip, ko'tergen qi'li'shi'n to'men tu'sirdi:

- Tu'rgel su'yikli biradari'm, tu'rgel uli'm. Dushpan shaqi'nlap aqi'rg'i' dem jaqi'nlap turg'anda ha'mirimdi ta'rk qi'lar ma yedim, qi'lmadi'n'. Ma', qi'li'shti' usla, menin' gellem mi'n' tilla'g'a kesilgen, wo'zin' ha'm yesittin'. Yendi jaw almasi'n, sen al. Senin' mag'an qi'lg'an sonsha xi'zmetlerin'e bunnan arti'q bererim qalmadi', uli'm. Dospanni'n' yerinleri dirildep awzi' kemsen'ledi.

- Ji'lap sorama, uli'm, usla qi'li'shti'.

- Biy baba men siz benen...[1]

Jazi'wshi' bul yeki qaharman arasi'ndag'i' dialoglar arqali' wolardi'n' xarakterlerindegi ko'rkem psixologizmnin' principlerin, bari'nsha ta'sirli yetip ko'rsetpekshi boladi'. Aydosti'n' xarakterin ashi'p beriwshi ja'ne bir psixologiyali'q keshirmelerin ali'p qarayi'q:

«Ko'rdin' be, Dospan, men sol quwg'i'nshi'lardan dasti'q ali'wi'm mu'mkin yedi, woni'n' yendi paydasi' ne. Menin' a'rmanlari'm tiri qaladi', joq yekewimiz de wo'lemiz. Sen tiri qali'wi'n' kerek, uli'm. Senin' menen men haqqi'nda qansha-qansha wo'sekler bar? Men hesh qashan satqi'n bolmadi'm, xalqi'ma qi'lap qi'lmadi'm, wo'tirik so'ylemedim... Bul du'nya joli' jumbaq yeken, sheshiwge ti'ri'sti'm, sheshe almadi'm, uli'm... Men senin' aldi'n'da gu'nali'man, Dospan. Uli'n' Rahim qami'sli' atawdag'i' qorg'anni'n' diywali'na tiriley basi'ldi'. Men sebepli uli'n'di' yesle. Ma', ma'... Meni ayama, qi'ynama, uli'm.

Dospanni'n' qollari' qalti'rap qi'li'shti' aldi'. Qi'li'shti' ko'terdi de to'men qarap turg'an biy babasi'ni'n' jalan'ash jelkesine sali'p jiberdi»

Romanda Aydosti’ ju’da’ aqi’lli’, dana biy retinde su’wretlengen. Aydosti’n’ tili menen ayti’lg’an ha’r bir danali’q ga’pler woni’n’ xarakterinin’ ashi’li’wi’na tiykar boli’p woti’radi’. Bul jag’i’nan Aydos obrazi’na uqsap ketedi.

Jazi’wshi’ bul yeki obrazdi’ da ku’ta’ sheber, ta’sirli yetip shi’g’ara alg’an. Qaharmanlardi’n’ ha’r bir ha’reketi, woy-qi’yali’ ko’z-qaraslari’n su’wretlewde jetiskenlikke yerisken. Bul yekewinin’ de a’rmani’ xali’qti’ bir jerge ja’mlew yedi. Bul yeki qaharman da xannan wo’zlerinin’ sadali’g’i’ jag’i’nan aldani’p qaladi’. Bundag’i’ yekewinin’ ishki azaplari’, ruwxi’y keshirmeleri ten’dey shi’qqan.

Jazi’wshi’ qaharmanlardi’ waqi’yani’ rawajlandi’ri’wshi’ konfliktlerdin’ payda boli’wi’ni’n’ basli’ sebepshisi yete woti’ri’p, sol arqali’ qaharmanni’n’ woy-qi’yali’n, ichki du’nyasi’n, psixologizmin ashi’p bermekshi boladi’. Wolardi’ bari’nsha ha’reketke keltirip woti’radi’. Wolardi’n’ xarakterlerinin’ yele de teren’irek ashi’li’wi’ ushi’n keskin konfliktlerge, daw-ja’njellerge duwshar yetip woti’radi’.

Uli’wma aytqanda, jazi’wshi’ bul yeki qaharman obrazi’n ju’da’ sheber ha’m ta’sirli yetip shi’g’ara alg’an. Qaharmanlardi’ qi’yan-kesti konfliktlerge duwshakerlestire woti’ri’p, uri’s ja’njellerge soqli’g’i’sti’rar yeken sol arqali’ wolardi’n’ xarakterlerin ha’m soni’n’ menen birge ha’r qaharmanni’n’ ishki psixologizmin ashi’p bermekshi bolg’an ha’m woni’n’ na’tiyjesinde bizlerge sol da’wirdin’ qi’yi’nshi’li’g’i’n, awi’r jag’dayi’n, turmi’s qi’sqi’si’n usi’nday qaharman obrazlari’ arqali’, wolardi’n’ danali’q penen, aqi’lli’li’q penen islegen isleri arqali’ sol da’wirdin’ psixologizmin yag’ni’y ishki turmi’si’n ko’rsetiwge ha’reket yetken.

T.Qayi’pbergenovti’n’ «Tu’siniksizler» romani’nda tiykari’nan XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’ndag’i’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ko’rinisi ko’rkem obrazlar arqali’ wo’zinin’ sa’wleleniwin tapqan. Jazi’wshi’ romandag’i’ sa’wlelengen da’wir haqi’yqatli’g’i’n isenimli yetip su’wretlewde psixologiyali’q tallawdi’n’ a’debiyati’mi’zda qa’liplesken da’stu’riy formalari’nan sheber paydalang’an.

---

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Тарийхый трилогия. II китап. Бахытсызлар. Нөкис:

Jazi'wshi' «Tu'siniksizler» romani'nda qaharmanlardi'n' xarakterin geyde wo'zi ayti'p, geyde basqalar menen soqli'g'i'si'wi'nda, dialogta, ishki monologta berip, wolardi'n' psixologiyasi'na ta'n belgilerin ha'r ta'repleme teren'irek ashi'wg'a ha'reket yetken. Romanda da'slep Yernazar wo'mir gu'zari'na jan'a ayaq qoyi'p ati'rg'an, biraq, woni'n' bardi' keldisine toli'q tu'sinip jetpegen, palwan jigit si'pati'nda ko'zge tu'sedi. Yernazar da'slepki waqi'tlari' wozbi'rli'q islerge jol qoyadi'. Tikkeley, Qumar anali'qti'n' ken'esi menen du'zilgen, ko'p-ko'p danali'qlar ayti'latug'i'n, basqa yellerdin' ha'm wo'z yelimizdin' ishki si'rtqi' jag'daylari' haqqi'nda so'z bolatug'i'n qaraqalpaqlardi'n' bardamli' u'ylerinin' jaslari'ni'n' «Ag'a biy» woyi'ni'ni'n' bir meylisinde Yernazar menmenligi ushi'n Sayi'pnazar biydi, balalardi' azaplag'ani' ushi'n Sha'rip mollani' sabati'p, uri' Qasi'mni'n' qulag'i'n kestiredi. Yernazar bul isin wo'zinshe duri's dep yesaplaydi'. Jazi'wshi' woni'n' bul wozbi'rli'g'i'n sheberlik penen ashi'p beredi.

T.Qayi'pbergenovti'n' trilogiyasi'ndag'i' psixologizm tariyxi'y sharayat arqali' ashi'ladi'.

Uli'wma alg'anda, T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'nda qaharman xarakterin ashi'wg'a, tariyxi'y iskerler obrazlari'n jasawda avtor ga'pi, ishki monolog, dialog h.t.b usi'llar sheber qollani'lg'ani'n ko'remiz. Bul jolda avtordi'n' wo'zine ta'n ta'kirarlanbas joli' ko'rinedi.

## II BAP. T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'nda tariyxi'y sharayat, peyzaj ha'm qaharman psixologizmi

---

«Қарақалпақстан», 1979, 356-б

## II.1. Qaharman obrazi'n izertlewdin' teoriyali'q ma'seleleri

«Obraz-ko'rkem a'debiyat penen ko'rkem wo'ner shi'g'armalari'nda turmi's haqi'yqatli'g'i'n belgili bir usi'llarda sa'wlelendirgen ja'miyetlik qubi'li'slar, ta'biyiy ko'rinisler ha'm adamlardi'n' minez qulqi', a'dep-ikramli'li'g'i' (xarakteri). A'debiy do'retpelerde ko'birek obraz atamasi'nda jazi'wshi' ta'repinen su'wretlengen insan minez-qulqi', woni'n' du'nyag'a ko'zqarasi', woy-pikiri ha'm sezimler a'lemi tu'siniledi»[1]. Jazi'wshi' ko'rkem obraz arqali' du'nyani' an'laydi', wo'zi an'lag'an tu'sinikti ha'm wo'zinin' an'lap ati'rg'an na'rsege yemocionalli'q mu'na'sibetin sa'wlelendiredi. Usi' ko'zqarastan obraz a'debiyat ha'm iskusstvoni'n' pikirlew formasi', usi'li' yesaplanadi'. A'debiyatta jazi'wshi'lar obraz arqali' tek g'ana ja'miyetlik rawajlani'wdi'n' uli'wmali'q, wortaq bolg'an basil' belgilerin sa'wlelendirip qoymastan, al shi'g'armag'a qatnasi'wshi' qaharmanlardi'n' jeke minez-quli'q belgilerin de ashi'p beredi ha'm sol sebepli wol a'debiyattag'i' «qaharman» tu'sinigi menen ti'g'i'z baylani'sli'. Al, bul na'rse bolsa wo'z gezeginde jazi'wshi'ni'n' qaharmanlardi'n' ishki ruwhi'y a'lemin ashi'p beriwdegi sheberligin keltirip shi'g'aradi'. Wo'ytkeni, M.Gorkiy ayi'tqani'nday «birew-saqi'y, birew-si'qmar, birew-mi'lji'n', birew az so'yleydi, birew-mehriban, birew-tas bawi'r». Mine, bulardi' wo'z worni'nda do'retpenin' negizgi bag'dari'na baylani'sli' ashi'p ko'rsete biliw jazi'wshi' ushi'n an'sat yemes. Demek, obraz terminin konkret insang'a qollani'liwi'na qarap, obraz tu'sinigin to'mendegishe ta'riyiplew mu'mkin: jazi'wshi'ni'n' baqlawlari' tiykari'nda payda bolg'an, woni'n' fantaziyasi' na'tiyjesinde do'regen, belgili bir ideyani' tasi'wshi' insan wo'mirinin' konkret ha'm uli'wmalasqan ko'rinisi obraz dep ataladi'.

Yeger de buri'n ko'pshilik a'debiyatshi'-ilimpazlar ta'repinen obrazlar jazi'wshi'ni'n' yestetik ideali'na sa'ykes keliwi yaki sa'ykes kelmewine baylani'sli' sha'rtli tu'rde yekige: unamli' ha'm unamsi'z obrazlar dep bo'linip ju'rgen bolsa, ha'zir bul atamalardi'n' ilimde ha'm ko'rkem a'debiyatta ma'nisinin' tarayi'p barati'rg'anli'g'i'n ko'remiz. Sebebi turmi'sti'n' wo'zinde de tap yerteklerdegidey

su’tten aq, suwdan taza adamlardi’ tabi’w qi’yi’n. Sonli’qtan da biz obrazlardi’ shi’g’armada tutqan worni’ ha’m wazi’ypasi’na qarap a’debiyattani’wda tu’rlishe: personaj, bas qaharman, yekinshi da’rejeli qaharman, xarakter, tip si’yaqli’ terminler menen ataladi’.

Ko’rkem shi’g’armadag’i’ obrazlar wo’zinin’ shi’g’armadag’i’ worni’ ha’m atqaratug’i’n wazi’ypasi’na qarap, yeki tu’rli boladi’. Yeger personaj shi’g’arma waqi’yalari’ni’n’ worayi’nda turi’p, syujet waqi’yalari’n ha’reketke keltirse, shi’g’arma konfliktinin’ sheshiliwinde jetekshi ro’l woynasa, jaziwshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ashi’p bere alsa, bunday personaj shi’garmani’n’ bas qaharmani’ boli’p yesaplanadi’. Ko’p jag’daylarda ko’rkem shi’g’arma worayi’nda bir yemes, bir-biri menen ten’ wazi’ypani’ atqaratug’i’n bir neshshe obrazlar turadi’. Bunday obrazlardi’n ha’r qaysi’si’ bas qaharman boli’p yesaplana beredi. Yeger personaj ko’rkem shi’g’armani’n’ worayi’nda turmasa da, qa’legen bir ta’repi menen jaziwshi’ni’n’ alg’a qoyg’an ideyasi’n ju’zege shi’g’ari’wg’a, woni’ tolti’ri’wg’a xi’zmet qi’lsa, bunday obrazlar yekinshi da’rejeli obrazlar boli’p sanaladi’.

Ko’rkem obrazdi’n’ belgileri haqqi’nda so’z ketkende, birinshi gezekte, woni’n’ indviduallasti’ri’lg’an uli’wmali’q si’pati’nda ko’rinetug’i’nli’g’i’na toqtali’w kerek. Barli’qtag’i’ ha’r bir na’rse-ha’diysede tu’rge ta’n uli’wmali’q belgiler ha’m soni’n’ menen birge woni’n’ wo’sine g’ana ta’n belgileri bar. Roman ushi’n obraz jarati’wda ko’rkem obraz to’mendegi belgige iye boli’wi kerek: uli’wmali’li’q, konkretlilik, indvidualli’q, ko’rkem toqi’madan paydalani’w, su’wretlewde ta’sirshen’likke yerisiw. Bular ko’rkem obrazdi’n’ belgileri boli’p, wolardi’ sha’rtli tu’rde, ha’r bir jazi’wshi’ni’n’ obraz jasawdag’i’ tiykarg’i’ qurallari’ dep atasaq qa’telespeymiz.

Jazi’wshi’ du’nyani’ obrazlar arqali’ ko’redi. Woni’n’ ushi’n janli’-jansi’z zat ha’m qubi’li’slardi’n’ ha’mmesi de obrazlar du’nyasi’. «Obrazli’ pikirlew barli’qta janli’ baqlawdan, seziwden baslanadi’ ha’m Sali’sti’ri’w na’tiyjesinde

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994, 148-б

tuwi'latug'i'n jan'dan-jan'a sezimler ha'm qa'liplesip, rawajlani'p baratug'i'n ideyalar, pikirlerdin' sheksiz ag'i'mi'nan ibarat boladi'»[1]

Tubalawshi'li'q ji'llardag'i' qaraqalpaq xalqi'ni'n' basi'nan wo'tken mashaqatli' turmi'si' haqqi'nda jazi'lg'an shi'g'armalar az yemes. Biraq, g'a'rezsizlik da'wirine deyin wo'tmish waqi'yalari' siyasi'y ideologiyani'n' won'' qoli' bolg'an socialistlik realizm metodi' talaplari'na say su'wretlengenlikten, jazi'wshi'lari'mi'z wo'tmish waqi'yalari'n qali's ha'm haqi'yqat tu'rde su'wretledi dep ayti'w qi'yi'n. A'lbette, bul da'wir waqi'yalari'n su'wretlewde wo'tkinshi ideologiya talaplari'nan bas tarti'p, g'a'rezsizlik zaman ko'zqarasi'nan qa'lem terbetip ati'rg'an jazi'wshi'lari'mi'z da joq yemes. Solardi'n' biri, belgili jazi'wshi' Sh.Seyitov boli'p tabi'ladi'. Wol wo'zinin' 1992-ji'li' jari'q ko'rgen «Jaman shi'g'anaqtag'i' Aqtuba» romani'nda usi' da'wir haqi'yqatli'g'i'n qali's tu'rde su'wretlewge umti'lg'anli'g'i'n ko'remiz.

## II.2. Ko'rkem peyzaj ha'm woni'n' qaharman obrazi'n ashi'wdag'i' a'hmiyeti.

A'debiyatti'n' qa'legen janri'ndag'i' ko'rkem shi'g'armalarda qaharman ha'reket yetken sharayatti' ha'r ta'repleme su'wretlew ushi'n da, wolardi'n' ishki ruwxi'y du'nyasi'n teren'nen ashi'p beriw maqsetinde de ta'biyat ko'rinislerin beriw u'lken a'hmiyetke iye. Buni'n' u'stine ha'r bir a'debiy janrda peyzajdi'n'[1] su'wretleniw wo'zinshelligi bar. Ma'selen, «Peyzajdi' su'wretlew prozali'q shi'g'armalarda yeki maqsette: sharayatti' ha'r ta'repleme wobektivlestiriw ushi'n ha'm qaharmanlardi'n' ishki du'nyasi'n teren'nen ashi'p beriw usi'li' retinde de ali'nadi'».

Biz bul bapta T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'nda qaharmanni'n' ishki du'nyasi'n, tariyxi'y sharayatti' ashi'wda ko'rkem peyzajdi'n' a'hmiyetine toqtaymi'z.

«Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'nda ko'rkem peyzaj tariyxi'y tulg'alar ha'reket yetip turg'an tariyxi'y sharayatti' ha'r ta'repleme su'wretlew ushi'n

[1] Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент: «Ўқитувчи» 2003, 47-б

qaharmanlardi’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’n teren’nen ashi’p beriw maqsetinde jazi’wshi’ni’n’ su’wretlenip woti’rg’an da’wirge qatnasi’n belgilewde u’lken a’hmiyetke iye qubi’li’s boli’p tabi’ladi’. A’sirese, trilogiyani’n’ birinshi romani’ bolg’an «Maman biy a’psanasi’» romani’nda peyzajdi’n’ worni’ gu’rewli. Bul romanda peyzaj su’wretlenip ati’rg’an waqi’yalarg’a woqi’wshi’ni’ ali’p kiriwde, XVIII a’sirdegi qaraqalpaqlardi’n’ ruwli’q ja’miyetlik turmi’si’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qlardi’ beriwde, qaharmanlardi’n’ xarakterin ashi’wda wog’ada u’lken a’hmiyetke iye. A’lbette, biz romanda uzi’nnan uzaq sozi’lg’an ta’biyat ko’rinislerin mayda shu’ydesine deyin su’wret-leytug’i’n, waqi’yalarda wo’z aldi’na bo’lek tu’rde turg’an peyzajlardi’ ushi’ratpaymi’z. «Maman biy a’psanasi’» romani’nda peyzaj dinamikali’q xarakterge iye. Bul romanda peyzaj ha’r bir bapti’n’ basi’nda qi’sqa tu’rinde ushi’rasadi’ ha’m baplar arasi’nda baylani’sti’ri’wshi’ qural xi’zmetin atqari’w menen birge waqi’yani’n’ bunnan bi’layg’i’ rawajlani’wi’n, syujettin’ bag’dari’n belgilewde u’lken a’hmiyetke iye. Peyzaj bir ta’repten waqi’yalardi’n’ rawajlani’wi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ bolsa, yekinshi ta’repten qaharman xarakterin ashi’wg’a da xi’zmet qi’ladi’. Ma’selen, romanni’n’ bas betinde G’ayi’p xanni’n’ qaraqalpaq yelindegi talantli’ jaslardi’ ani’qlap, birinshi saylaw ma’resimine baylani’sli’ wo’tkeriletug’i’n jari’stan aldi’n mi’naday peyzajdi’ woqi’wi’mi’zg’a boladi’.

«Juma. Jurt bul ku’ndi ku’ta’ isenimsizlik penen ku’tti. Sebebi, bul jerdin’ ta’biyati’ni’n’ wo’zi wo’zgermeli. Jaz ba, qi’s pa, ji’ldi’n’ qaysi’ ma’wsimi boli’wi’na qaramastan, ku’n wo’zgerip sla beredi. Jazda da ala-sapi’ran dawi’l boladi’. Ali’s jaqlardan shan’ a’keledi, ko’z ashti’rmaydi’, yamasa jawi’n boladi’. Suwdan kiyimlerin’ yetin’e jabi’si’p, tislerin’e shan’ kiredi. Yeldin’ xani’ G’ayi’p xanni’n’ minezi de usi’ jerdin’ ta’biyati’na megzes. Qa’pelimde wo’zgeredi. Usi’ ka’rani’n’ uri’g’i’nday sa’l yepkinge qi’ysayi’p qala beredi. Soni’n’ aldi’n ali’w kerek»[2].

---

[1] Ja’rimbetov Q/ A’debiyattani’wdan sabaqlar. No’kis: «Qaraqalpaqstan», 2013, 54-b
[2] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дастаны. Тарийхый трилогияю II китап. Маманбий әпсанасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.

Mine, usi’ wonday u’lken bolmag’an peyzajdi’n’ wo’zinen-aq woqi’wshi’ birinshiden qaraqalpaqlardi’n’ wo’z quwi’rshaq xani’ G’ayi’p xang’a degen isenimsizligi, yekinshiden, bul adamni’n’ xarakterindegi turaqsi’zli’g’i’ adamlar arasi’ndag’i’ paraxat turmi’sti’ wornati’wg’a umti’lmaytug’i’nli’g’i’, sol sebepli yeldin’ si’rttan kelgen jaw aldi’nda qorg’awsi’zli’g’i’ ani’q ko’rinip turadi’.

T.Qayi’pbergenovti’n’ bul romani’ndag’i’ peyzajdi’n’ xarakterli belgisi sonda, bunda peyzaj, yag’ni’y, ta’biyat ko’rinisi adamlardi’n’ arasi’ndag’i’ qatnasqa kontrastli’q usi’lda su’wretlenedi. Romanni’n’ qaharmanlari’ni’n’ arasi’nda bir-birewge degen isenimsizlikke, wolar arasi’ndag’i’ tu’sinispewshilikke, qayg’i’li’ waqi’yalarg’a peyzajda ko’binese quyashli’ ku’nler, ba’ha’r ko’rinisleri, qorshag’an wortali’qtag’i’ a’jayi’p ta’biyat ko’rinisleri qarama-qarsi’ qoyi’ladi’. Mi’sali’, mi’na peyzajdi’ ali’p ko’reyik:

«Quyashli’ ku’nler ko’beydi. Bawi’ri’na abi’laysan’ni’n’ selin sin’dirgen saqi’y jer birotala iyip,janli’ ja’niwar ushi’n jasi’l gilemin betine to’sedi. Uzaq-uzaq dalalarg’a ko’z jiberip qaraw, biyikten woyg’a tu’siw, woydan biyikke ko’teriliw kewilli. Biraq, bul suli’wli’qti’n’ iyeleri - adamlar, ko’z-ko’rgenine masayrasqan menen ishlerinde yele tu’yin jati’r. Bul tu’yin abi’laysan’ni’n’_jawi’ni’nan keyingi du’gisken yeki awi’l atli’lari’ni’n’ bulti’nan do’regen ko’z jas tu’yini. Jibitiw ushi’n yelede ko’p-ko’p quyashli’ ku’nler kerek». Bunday xarakterdegi peyzajlardi’ romanni’n’ ko’rkem ju’kti qubi’li’si’nan ko’plep ushi’rati’wg’a boladi’. Biraq, peyzaj romanni’n’ qaysi’ jerinde qollanbasi’n wo’zine jarasa ko’rkem ali’p ju’retug’i’nli’g’i’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z. Soni’ ayti’w kerek, ko’rkem peyzaj romanni’n’ quri’li’si’ndag’i’ bayanlawshi’ni’n’ ka’ypiyati’, woni’n’ su’wretlep ati’rg’an waqi’yalarg’a qatnasi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenliginin’ gu’wasi’ bolami’z. Yeger de peyzaj qayg’i’li’ waqi’yalarg’a baylani’sti’ri’li’p su’wretlense, wonda tragediyali’q si’patlardi’n’ basi’m boli’wi’ xarakterli boli’p keledi. Al, quwani’shli’ waqi’yalardi’n’ aldi’nda keletug’i’n ko’rkem peyzajdi’n’ tili wo’zinin’ ko’terin’ki boyawlarg’a bayli’g’i’ joqari’ poetikali’q ka’ypiyatqa toli’ yekenligi menen

xarakterlenedi. Ma'selen, romanda Maman biy basshi'li'g'i'ndag'i' qaraqalpaq yelshilerinin' Rossiya patshasi' yelizaveta Petrovnag'a atlang'andag'i' quwani'shli' jag'dayg'a baylani'sli' su'wretlengen to'mendegi peyzajdi' ali'p qarayi'q.

«Ba'ha'r!» Ji'ldi'n' bul ma'wsimi gu'lla'n na'zikliktin', joqari' muhabbatti'n' jaqsi'li'qti'n' basi', quwani'shti'n' sag'asi'. Sonli'qtan da, «ba'ha'r!» degende «a'h!» dep, ya wo'kinishli, ya quwani'shli' ku'nin yeslep, jambasi'na bir urmaytug'i'n insan bar ma du'nyada? Ba'ha'r jaqsi' kelse, isin' rawaj, jambasqa uri'lmaydi', qollar wo'kinish tari'na tiymeydi.

1743-ji'ldi'n' ba'ha'ri, hesh ba'ha'rge usamadi', wo'zgeshe boldi'. Si'rda'ryani'n' to'menin ma'kan yetken qaraqalpaq yeli ushi'n ko'rilmegen, ku'tilmegen quwani'sh penen baslandi', ulli' keleshektin' u'mit sag'asi' boli'p baslandi'. Yendi bunnan bi'layda wo'mir ba'lkim quwani'shg'a toli', ti'ni'shli'qta wo'ter. Yel tozg'aq yemes, jemisli yelge aylanar, jan-jag'i'nan jaw kelmestey taw-tastan qorg'an sali'nar, sebebi, bir kela'ta yel usi' a'rmanlari'n wo'zlerinin' dilwar-sheshen ullari' arqali' ken' paytaxt rus yeline jiberdi.

Joqari'da keltirilgen peyzajdan ko'rinip turg'ani'nday-aq, bayanlawshi'ni'n' tilinen berilgen bul ta'biyat ko'rinisi bari'nsha janlandi'ri'li'p jiberilgen. Ta'biyat ma'wsimindegi ba'ha'r ayi' adam balasi'ni'n' jasli'q shag'i', woni'n' wo'zi yeli ushi'n iygilikli maqsetlerge yerisiwge umti'li'w tilegi, wo'z watani'n si'rt yel basqi'nshi'lari'nan, uri'slardan qutqari'wg'a ha'reket yetiwi menen ju'da' ti'g'i'z baylani'sta su'wretlenedi. Buni' biz «Maman biy a'psanasi'» romani'nda yekinshi bo'liminin' basi'nda su'wretlengen joqari'dag'i' peyzajdan ko'riwge boladi'. Bul peyzajdan bayanlawshi'ni'n' Maman biydin' wo'z yelin, wo'z xalqi'n aman saqlap qali'w maqsetinde woni'n' qu'diretli Rossiya patshali'g'i'ni'n' puxarasi' boli'w tilegen toli'q quwatlaytug'i'nli'g'i'n ani'q ko'rsetiwge boladi'.

Sankt-Peterburgqa xalqi'ni'n' ati'nan jazi'lg'an ant qag'azi'n ali'p barati'rg'an Maman basshi'li'g'i'ndag'i' yelshiler topari'ni'n' keypiyati'n to'mendegi peyzajdan ko'riwimizge boladi'.

«Mamanlardi'n' jan'a niyetine ta'biyatta ja'rdem yetkisi kelgendey, hawa rayi' ku'nnen-ku'nge jaqsi'lani'p barati'r. Aspanda quyash jarqi'rap, wori's patshali'g'i'ni'n' ken' jerleri wolardi' jazg'a qaray kiyinip ati'rg'an ko'k lipaslari' menen uzati'p ba'ha'rde jari'q du'nya ko'rgen ha'r wo'simlik, g'arri' ag'ashlarda payda bolg'an ha'r bir jas shaqa, ha'r bir ko'k japi'raq, qaraqalpaq yelshilerin ko'rgenine ma's bolg'anday si'ti'rlasi'p, maysalar i'rg'ali'si'p, wolarg'a haq jol tilegen yan'li' bas iyip qali'p ati'r».

Jawgershilik ji'llari'ni'n' bu'lginshiligin, yele wo'z aldi'na ma'mleketin basqari'w sistemasi'n du'ze almag'an, qazaq xanlari'nan g'a'rezli qaraqalpaqlardi'n' ayani'shli' awhali'n su'wretlewde roman waqi'yalari' menen qari'si'p ketken peyzaj «Maman biy a'psanasi'» si'nda wo'zinde salmaqli' ko'rkem funkciyani' ali'p ju'rgenligin ko'remiz. Buni' biz jawgershilik ji'llari'ni'n' a'lamati' su'wretlengen to'mendegi peyzajdan ko're alami'z:

«Jawg'a si'ri'n aldi'rg'an qaraqalpaq biylerine quday da qi'ri'n qaradi'. Suwi'q ku'nnen-ku'nge wo'tkirlesip, i'sqi'rg'an dawi'l kisini betletpeydi. Turaqsi'z dawi'l. Bir maydanda bati'stan arqag'a, arqadan shi'g'i'sqa, ja'ne birden bati'sqa aylani'p ketedi. A'ptada adamlar qayag'i'nan ku'tinse, dawi'l ja'ne ku'tinbegen jag'i'na wo'zgeredi, qullasi', pa'ten'ge keltirip, jaqpas jag'i'nan shi'g'i'p turi'pti'. Misli jawg'a boli'sqan qarli' boran qayaqtan yesse de, qalay yesse de awi'llar u'stinen bir qi'yli' jan'g'i'ri'qlar aydap turdi'».

Bizin' na'zerimizdi yeline jaqsi'li'q, awi'zbirshilik tilegen, qudiretli ma'mleket wori'slardi'n' qol asti'na wo'tse yelin tu'rli jawgershilikten aman boladi' dep woylag'an yer azamat Maman biydin' wo'z da'wirinin' uri'wli'q pi'ti'ran'qi'li'g'i'ni'n', awi'zbirshi-liksizliktin', uri'wlar artta qali'wshi'li'qti'n', wo'z xalqi'n izine toli'q yerte almay alasapi'randi' da'wirdin' qurbani' bolg'an Maman biydin' tragediyali'q awhali' romanni'n' yen' aqi'ri'nda ju'da' qayg'i'li' boyawlar menen su'wretlengeninin' gu'wasi' bolami'z. Bunda Maman biy menen usta Petr Borodinnin' bir tu'nde wo'lip shi'g'i'wi' usi'g'an baylani'sli' bayanlawshi'ni'n' tilinen to'mendegidey berilgen ta'biyatti'n' i'laysan'i' menen

adam balasi'ni'n' qi'rsi'qli'g'i'n, to'mendegi qatarlar woqi'wshi'ni'n' ju'regin la'rzege saladi'. Ja'ne de romannan u'zindiler keltireyik:

«A'ne, sonnan berli qansha-qansha zargiryanli'qlarg'a sebepshi ga' no'serli, ga' qarli', ga' boranli', ga' ko'shelerden qan ag'i'zg'an ha'siretli ku'nler tu'nler menen, tu'nler ku'nler menen awmasti', ju'wensiz A'miw yeki jag'i'n kemirip ken' peyilli Aralg'a qanshadan qansha qoqi'm a'kelip quydi'... Araldi'n' qubla yernegindegi qol sharshi'day jerdi ma'kan yetken az sanli' qaraqalpaq xalqi' usi' ulli' Aralg'a usap qansha-qansha zaman qoqi'mi'n jutti', biraq ba'rin boyi'na sin'dirip baqti'. Ne degen jan talaslari' ne degen zarli' da'wranlar umi'ti'li'p ketti. Sonnan umi'ti'lmay qalg'ani' -Maman biy menen wori's ustasi'ni'n' qa'biri A'miwdin' Aralg'a quyi'p, dushshi' suw menen ashshi' suwdi'n' birige almay, qaynawi'tlap ati'rg'an jerindegi suw asti'na sho'kken bir keshkene atawda yekenin tasti'yi'qlawshi' bir g'ana a'psana - usi' «Maman biy a'psanasi'».

Ko'rkem peyzajdi'n' a'hmiyeti T.Qayi'pbergenovti'n' «Baxi'tsi'zlar» romani'nda da dawam yetedi. Belgili bolg'ani'nday-aq, bul romanda qaraqalpaqlardi'n' XIX a'sirdegi Xiywa xani'ni'n' qol asti'ndag'i' ayani'shli' turmi'si', wolardi'n' wo'z g'a'rezsizligi ushi'n ju'rgizgen gu'resleri, bul joldag'i' tragediyali'q jag'daylar wo'zinin' realistlik su'wretlewlerin tapqan. Romanda Aydos biy, yesengeldi biy, Begis, Mi'rji'q t.b tariyxi'y tulg'alardi'n' obrazlari' a'hmiyetli rol woynaydi'. Bul romanda da peyzaj jazi'wshi' ta'repinen qaraqalpaq xalqi'ni'n' turmi'si'n, ku'n-ko'ris tirishiligin yesapqa alg'an halda jasaladi'. Buri'nnan, belgili bolg'ani'nday-aq, qaraqalpaq xalqi' a'sirlerden a'sirlerge diyxanshi'li'q, sharwashi'li'q penen ten'dey shug'i'llang'an. Usi' wo'zgeshelik to'mendegi qatarlarda da ju'da' uti'mli' berilgen:

«Begis penen Mi'rji'q ku'ta' qolayli' qoni's worni'n tapqan. Bir jag'i' bali'g'i' mol ko'l, bir yetegi basi'w, suwi' qayti'wdan arpa, biyday yekse boladi'. Qawi'n, asqabaq yegiwge de i'n'g'ayli', da'ryag'a da tiyip, kerek bolsan', jap qazi'w mu'shkili awi'r bolmaydi'. Yekinshi jag'i' ken' mal jaylawi'. U'shinshi ta'repi ji'n'g'i'l menen qami's aralas tog'ay, buni'si' qi'sta ha'm i'q, ha'm woti'ng'a

qolay. To'rtinshi ta'repi wo'rkesh-o'rkesh qum, ashli'qtan ba'ha'rge jetkenler geshir worni'na ko'sik izlep-aq ku'neltedi»[1].

Bul keltirilgen u'zindiden ko'rinip turg'ani'nday-aq, qaraqalpaq xalqi'ni'n' ku'n ko'risi, jasaw jag'dayi'n ta'biyattan aji'rati'p qarawg'a bolmaydi'. Ko'ldegi bali'q, suwi' qaytqan jerge yegilgen da'n, qawi'n, asqabaq yekinshi jag'i'nan maldi'n' ha'r qi'yli' tu'rleri qaraqalpaqlardi'n' jasawi'ni'n' tiykarg'i' derekleri bolg'an. Bul na'rse roman waqi'yalari' su'wretlengen XIX a'sirde de toli'q saqlang'an. Jazi'wshi' To'remurat suwpi'ni'n' sebebinen Begis penen Mi'rji'qti'n' wo'z ag'asi' Aydostan bo'linip shi'g'i'wi', wolar arasi'ndag'i' qarama-qarsi'li'qti'n' teren'lesiwi, sol sebepli pu'tkil qaraqalpaq yelinin' toli'si'ni'n' shaypali'wi' ju'da' sheber tu'rde su'wretlengen. Soni' ayti'p wo'tiw kerek «Baxi'tsi'zlar» romani'na kelip, peyzajdi'n' qollani'li'w mug'dari' azayatug'i'nli'g'i'ni'n' gu'wasi' bolami'z. Buni'n' sebebi, bizin' woyi'mi'zsha, do'retpe syujetinin' sonday tez ha'm irkinishsiz tu'rde rawajlani'wi' syujetten ti's element bolg'an peyzajg'a wori'n qaldi'rmag'anday. Sebebi, peyzajda yag'ni'y ta'biyat ko'rinislerin su'wretlegende syujettin' rawajlani'wi' az da bolsa toqtap turi'ladi'. Al, bul na'rse «Baxi'tsi'zlar» romani'ni'n' keskin konfliktte quri'li'wi' sebepli peyzajdi'n' ko'p qollani'li'wi'na mu'mkinshilik tuwdi'rmaytug'i'n si'yaqli':

«Gu'zdin' wortan'g'i' ayi' ayaqlansa, Jan'ada'ryag'a qi's kirdi dese boladi'. Ga' jawi'n burshaqqa aylanadi', qar yepelekleydi. Samali' da shi'mi'ri', shi'mshi'p yesedi. Ushi' qi'yi'rsi'z jazi'q dalani' jaypap yesken samal qan'baqti' turaqlatpay quwi'p, jari'lg'an sobi'qlar menen qami's u'peleklerine qosa jerden shan' ko'terip, ko'zdi ashti'rmay tur. Dumang'a megzes u'pildirik aralasqan shan'g'i'tqa u'yrenisken qos atli' ta'biyatti'n' bul zuli'mli'g'i'na i'ri'q bermey, za'n'gileri tiye qatarlasi'p, jayparaxat so'ylesip kiyati'r. Samal qansha uytqi'g'an menen wolardi'n' tu'w si'rti'nan yedi».

Adam ta'biyatti'n' qushag'i'nda go'zzal turmi's keshiriw ushi'n belgili da'rejede jag'day za'ru'r. Ta'biyatqa sanali' qatnas bolg'an jag'dayda g'ana

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дастаны. Тарийхый трилогия. II китап. Бахытсызлар. Нөкис:

ta’biyat bayli’qlari’nan aqi’lg’a muwapi’q paydalang’anda g’ana unamli’ jag’daylar saqlani’p turi’wi’ mu’mkin. Sonli’qtanda ta’biyatti’n’ bergen apati’ bul ha’mmesinen de awi’r. Romanda ta’biyatti’n’ apati’ na’tiyjesinde xali’qti’n’ turmi’si’na ja’ne de keri ta’sir yetkenligin, adamlar arasi’ndag’i’ wo’z-ara qatnasti’n’ u’ziliske tu’siwine sebepshi bolg’anli’g’i’n ayti’w menen birge, da’wir ten’sizligin ashi’p beredi.

«Ku’n wo’tken sayi’n quyash shi’jg’i’ri’p, Xorezm shuqi’ri’ndag’i’ barli’q janli’ maqluqatti’n’ din’kesi quri’p barati’r. Jazi’q-jazi’q dalalarda, qumli’qlarda wo’sken biraz tu’rli sho’pliklerge i’g’al jetpegenlikten be sona shi’bi’nlar menen ha’rrelerdin’ aq qanati’ si’rt-si’rt si’ni’p turi’pti’.

Ta’biyatti’n’ bul apati’ da adamlardi’n’ jan sezimlerinde wo’mirge tiksiniw payda qi’li’p, uri’wlar, awi’llar arasi’ndag’i’ qatnaslar u’ziliske tu’sti. Tosattan diydarlasqanlar da bir-birine gu’diklenip qaraydi’».

Bul mi’salda so’z yetilgen waqi’ya tek g’ana ta’biyatti’n’ su’wretleniwi boli’p qalmastan, al xali’q turmi’si’ menen de ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’. Bunda jazi’wshi’ xali’qti’n’ awi’r turmi’si’n, wo’tkirlestirip beredi. Bunda adamlardi’n’ awhali’ sona, shi’bi’n menen ha’rrelerdin’ yepkinlerine shi’damay si’rt-si’rt si’ni’p ati’rg’an sho’plerge megzetedi. Demek, bul jerde qayg’i’li’ peyzaj wo’zinde psixologiyali’q ju’kti ali’p ju’redi. Ta’biyatti’n’ ko’rinislerin qayg’i’li’ boli’w menen su’wretlew jazi’wshi’g’a adamlar arasi’ndag’i’ qari’m-qatnaslardi’n’ shiyelenisiwin, uri’s-qag’i’slardi’n’ ko’beyiwin su’wretlewge ja’rdem beredi.

Endi usi’ romannan ja’ne bir waqi’yani’ ali’p ko’reyik: «Ju’regi uli’ du’pildi boli’p kiyati’rg’an Qabi’ldi’n’ quwani’shi’ ta’biyatti’n’ bu’gingi ko’rinisi menen baylani’si’p ketedi. Hawa rayi’ni’n’ ashi’q ku’nnin’ jarqi’rap turg’ani’na wo’zinin’ barli’q ta’shwishlerin, qayg’i’-ha’siretlerin waqi’tsha bolsa da umi’tadi’. Jolda kiyati’ri’p a’tirapqa qayta-qayta qaraydi’. Rasi’nda da, bul a’tirapti’n’ ta’biyati’ ha’r qashang’i’dan da go’zzal yedi. «Maman shen’gel» dep atalg’an jer A’miwda’rya menen Xiywani’n’ wortasi’ndag’i’ si’naptay jalti’rap aqqan bir

---

«Қарақалпақстан», 1979.

salmani'n' boyi'. Misli yeki qabat qora si'pati'nda wo'sken shoq shen'gelliktin' da'l wortasi'nda u'lken bir toran'g'i'l bar. Qoyi'w sayamanli', payi'zli' uyqi'lap qalg'anda qa'wipli yemes. Qanday jez ti'rnaq haywan bolsa da, shen'gellikke tumsi'g'i'n bati'ra almaydi', awi'z tabi'w haywan tu'we, biytani's adamg'a mu'shkil. Ta'biyat wo'zin solay ko'gertken, bali'qqa quri'lg'an qazanday yeki ret aylani'p ishke kiriledi»

Joqari'dag'i' u'zindi de bir jag'i'nan qaraqalpaq jerinin' adam barmas tog'aylari'ni'n' go'zzalli'g'i' su'wretlense, yekinshi jag'i'nan qaraqalpaq biylerinin' yele awi'zbirshiligi ketpegen waqti'ndag'i'lardi'n' ha'reketi, Xiywadan qi'si'ni'p-qi'mi'ri'li'p qaytqanda wo'z jerinin' tog'ayi' da biytani's ko'zden jasi'ri'p, wolarg'a dem ali'wg'a mu'mkinshilik beretug'i'nli'g'i' tuwrali' i'qsham tu'rde berilgen. Bunnan basqa su'wretlengen ta'biyat ko'rinisi romanni'n' bas qaharmani' Aydos biydin' abi'royi'n, tapqi'rli'g'i'n, yer ju'rekligin ko'rsetetug'i'n waqi'yalarg'a ali'p baratug'i'n bir ko'pir si'pati'nda xi'zmet yetedi.

«Baxi'tsi'zlar» romani'nda ta'biyat ko'rinislerin su'wretlew adamlardi'n' ha'reketine kontrastli'q formada iske asadi'. Bul na'rse adamlar arasi'ndag'i' alawi'zli'qti', awi'zbirshilikti ko'rsetiwge xi'zmet qi'ladi'. Ma'selen, to'mendegi u'zindini tallap qarayi'q:

«Bi'yi'lg'i' ba'ha'rdin' wo'zgesheligi ha'r qashang'i'dan az jawi'nli'. Bazda sonday-sonday shelekleydi, dalag'a adam shi'g'a almaydi'. Bunday gezde sharwalarda, diyxanlarda «el ta'g'dirine aspan ji'lap tur» degen ga'p qi'li'sadi'. Jawi'n qansha moldan sheleklese, sonsha tez ashi'li'p, quyash jarqi'raydi', keshe g'ana aq tan'lag'i' shi'g'i'p qulazi'g'an maydanlar ko'k sho'pten ko'rpe jami'lg'anday boladi' da qaladi'. Bunday gezde sharwalar da, diyxanlar da «bi'yi'l quday bergen ba'ha'r yedi, a'tten'-a'tten'»... desip ga' xanni'n', ga' Qon'i'rat ha'kiminin', ga' Aydos penen Begistin' jeti pushti'na mi'n'san na'let jawdi'radi'».

Joqari'dag'i' ko'rinip turg'ani'nday-aq, quyashti'n' jarqi'rawi', a'tirapti'n' ko'k sho'pten ko'rpe jami'li'wi' qaharmanlardi'n' ko'terin'ki ka'ypiyati'n su'wretlewge yemes, al uri's-qag'i'sti', jawgershilikti sa'wlelendiriwge xi'zmet

yetip turg’anli’g’i’n ko’remiz. Demek, joqari’dag’i’ ideal peyzajdi’n’ elementleri adamlardi’n’ bir-birine degen haywanlarsha qatnasi’n, feodalli’q-uri’wli’q ja’miyettegi zorabanli’qti’ su’wretlewde u’lken a’hmiyetke iye.

Ko’rkem peyzajdi’n’ kontrastli’q formada su’wretleniwi to’mendegi u’zindiden de ko’riwimizge boladi’.

«Janli’-ja’niwarg’a «alquli’m» bergen ba’ha’r kelip Xiywa ayri’qsha sa’nge kirdi. Yerik, alma ag’ashlari’ni’n’ ha’r qi’yli’ gu’lleri pu’tkil sha’ha’rdi jawi’p, jaylar i’lay diywallardan yemes, aq-qi’zi’l lipasli’ shoq-shoq go’zzal bag’lardan quyi’lg’an si’yaqli’. Tek minaratlar menen biyik da’rwazalar g’ana ali’stan ko’zge taslani’p, gu’l jami’lg’an qalag’a a’llenetken yeskilik ha’m hu’kimdarli’q keypin berip turi’pti’».

Ko’rkem peyzajdi’n’ adamlar arasi’ndag’i’ jag’daydi’, qaharman menen sharayat arasi’ndag’i’ qatnasti’, qaharman xarakterin ashi’wdag’i’ xi’zmeti T.Qayi’pbergenovti’n’ «Tu’siniksizler» romani’nda da dawam yettirilgenin ko’remiz. Belgili bolg’ani’nday-aq, bul roman qaraqalpaqlardi’n’ Xiywa xanli’g’i’ni’n’ yeziwine qarsi’ 1855-1856 ji’llardag’i’ Yernazar alako’z basshi’li’g’i’ndag’i’ ko’terilisi su’wretlenedi. Romanda Yernazar alako’z, Qumar anali’q, Fazi’l biy, Sayi’pnazar biy, Yernazar keneges, Qaraqum iyshan t.b tariyxi’y tulg’alardi’n’ obrazlari’ jasalg’an. Bul obrazlar Yernazar alako’z obrazi’ni’n’ a’trapi’nda ja’mlengen ha’m woni’n’ Xiywa xani’na qarsi’ ali’p barg’an gu’resin su’wretlewge xi’zmet qi’ladi’.

Belgili bolg’anday-aq, Yernazar alako’z, Mi’rji’qti’n’ balasi’ boli’p, wol a’kesi Xiywa xani’ siyasati’ni’n’ qurbani’ bolg’annan keyin, anasi’ Qumardi’n’ qoli’nda ta’rbiyalanadi’. Qumar woni’ watan su’ygish, Xiywa xani’ni’n’ yeziwshilik siyasati’na qarsi’ ta’rbiyalaydi’. Yernazar anasi’ni’n’ ta’rbiyasi’na sadi’q boli’p wo’sedi. Yerjete kele wol Xiywa xani’na bag’i’nbay wo’z xalqi’n wog’an qarsi’ gu’reske bag’dar-laydi’. Xiywa xani’ da tu’rli-tu’rli hiylekerlik a’mellerdi iske saladi’. To’mendegi peyzaj Xiywa xani’ menen Yernazar alako’zdin’ arasi’ndag’i’ qarama-qarsi’li’qti’ su’wretlewge xi’zmet qi’ladi’. «A’miwda’ryani’n’ arqasi’nda

qanday boran bolsa da, wonsha sezine bermeytug'i'n Xiywada bi'yi'lg'i' gu'z ha'r ji'lg'i'si'nan yerte baslandi'. Suwi'q ku'nnen-ku'nge wo'rshelenip bir jerde turi'p isleytug'i'nlarg'a, soni'n' ishinde zindan qarawi'llari' ushi'n sarsi'qli' jag'day tuwdi'ri'wda, yetin shi'mshi'g'an ayaz aldi'-arti'na yeriksiz ten'seltip, ti'ndi'rmay jer tepkilegende, wolar ishtegilerdin' ton'li' i'zg'ar iyisine, wo'zlerinen shi'qqan iyis qosi'li'p, su'yeklerine shekem qaqsap, demleri qi'si'li'p ati'rg'ani'na woy jibermeydi, du'nyani'n' barli'q ra'ha'ti tek zindanda si'yaqli' ko'rinedi. Tan' aldi'ndag'i' suwi'qqa shi'damay zirdek qati'p, denesi juwlag'an sayi'n qollari'n u'plep gu'birlenedi, so'ginedi.

Pa'tli at su'yretkisine jetip kele almay, qarg'a bir neshe ma'rtebe ji'g'i'li'p Yernazardi'n' basi'ni'n' tan'i'wi' sheshilip, jarasi' qanadi'. Woni' irkiwge ilaj qollanbaqshi' bolg'an Ten'elge de pursat berilmey, mu'mkinshiligi bari'nsha Xiywag'a jetiw ushi'n_pashshaplar  tutqan uzi'n qamshi'lar ko'p shola ha'reketke kirdi»[1].

Peyzajdi'n' ko'rkem do'retpenin' quri'li'si'ndag'i' a'hmiyetin a'debiyati'mi'zdi'n' milliy wo'zinsheligin su'wretlewdegi worni'n belgilep beriwde bizin' qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde yelewli hesh na'rse islenbey ati'r. Bul qubi'li'sti' izertlewde rus a'debiyatshi' ali'mlari' bir qansha tabi'slarg'a yeristi.

Ma'selen, rus ali'mi' M.N.Epshteyn wo'zinin' «Priroda, mir, taynik vselennoy»[2] degen kitabi'ni'n' peyzaj degen bo'liminde bul ko'rkem qubi'li'sti'n' rus a'debiyati'ni'n' milliy wo'zgesheligin beriwdegi a'hmiyetine toqtap wo'tedi. Woni'n' jazi'wi'nsha ha'r bir milliy a'debiyat wo'zinin' ken' tarqalg'an ha'mmege unag'an motivlerine iye. Wolar sol a'debiyatti'n' estetikali'q wo'zinsheligin belgilewde u'lken xi'zmet isleydi. Ma'selen, nemec a'debiyati'nda tog'ay, francuz a'debiyati'nda bulaq obrazlari' qanday a'hmiyetke iye bolsa, rus a'debiyati'nda qayi'm obrazi'ni'n' sonday a'hmiyetke iye yekenligin jazadi'. Soni'n' menen birge, wol peyzajdi'n' bir qansha tu'rlerin ko'rsetip wo'tedi. Ma'selen, klassizm

[1] Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Тарийхый трилогия. III китап. Түсиниксизлер. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
[2] Эпштейн М.Н. Природа, мир, тайник вселенной... Москва, «Высшая школа», 1990

a’debiyati’nda ideal peyzajdi’n’, romantiklerde burqasi’nlag’an peyzajdi’n’, kritikani’n’ realizm wa’killerinin’ do’retiwshiliginde qayg’i’li’ peyzajdi’n’ basi’m bolg’anli’g’i’n ko’rsetedi. Peyzajdi’n’ bunday estetikali’q tu’rlerinen basqa milliy ha’m ekzotikali’q peyzaj, qi’sqi’ ha’m jazg’i’ peyzaj, fantastikali’q peyzaj qusag’an tiplerinde ko’rsetip wo’tedi.

Qaraqalpaq prozasi’nda da peyzajdi’n’ qollani’li’wi’ni’n’ wo’zine ta’n wo’zgesheligi bar. Peyzajda ma’wsimnin’ wo’zgesheligin su’wretlew u’lken a’hmiyetke iye. Ma’selen, T.Qayi’pbergenovti’n’ tariyxi’y romanlari’nda avtordi’n’ poziciyasi’, qaharmanlardi’n’ turmi’s ta’shwishleri usi’ ji’l ma’wsimi menen ti’g’i’z baylani’si’p ketedi. Ma’selen, xali’qti’n’ awi’r turmi’si’n so’z yetpekshi bolsa, ko’binese gu’zdin’ i’g’alli’, adamg’a jaqpaytug’i’n dawi’lli’ ku’nleri, qaharmanni’n’ burqasi’nlag’an ashi’wli’ minezin so’z yetpekshi bolsa, qa’ha’rli qi’s ku’nlerin, woni’n’ turmi’si’ndag’i’ quwani’shli’ ku’nlerin aytpaqshi’ bolsa, ba’ha’rdin’ yelpip yesken jag’i’mli’ samallari’n, quyashli’ ku’nlerin su’wretleydi. Bul wo’z gezeginde shi’g’arma qaharmanlari’ni’n’ mine-quli’qlari’ni’n’ teren’nen ashi’p beriwge ja’rdem yetedi. Ma’selen, to’mendegi u’zindilerge itibar bereyik:

«Talay ma’wsim awmasi’p, ta’biyat ko’p ret ha’r qi’yli’ tu’rge do’ndi. Ba’ri bir xali’qti’n’ ku’n keshiriwi bayag’i’si’nsha awi’rmanli’qta qali’p bara berdi...

1853-ji’ldi’n’ ba’ha’rinde, ha’r qi’yli’ qubi’lg’an aspan, tap Yernazardi’n’ Xiywadan shi’g’i’wi’n ku’tip turg’anday, birden tamshi’ladi’. Wol Xiywadan yeki shaqi’ri’mday uzaqlasqan gezde, tamshi’lar mayda jawi’ng’a aylani’p silpiledi. Aspan betine qara shati’r tuti’lg’an yan’li’ aynalani’n’ tu’neriwine qarag’anda, jawi’nni’n’ bu’gin ti’ng’anday tu’ri joqli’g’i’na ko’zi jetse de, Yernazar arti’ndag’i’ jaqi’n qalag’a qaytpadi’. Jol boylari’na ma’kanlasqan shi’n’i’raw-shan’i’raw awi’llarg’a da qayri’lmadi’, yeline qaray talpi’ng’an bir adi’mi’ g’a’niybet ko’rindi».

Bul u’zindi de biz romanni’n’ bas qaharmani’ Yernazar alako’zdin’ Xiywadan qaytqandag’i’ ka’ypiyati’, yeline qayti’p shashi’randi’ qaraqalpaq uri’wlari’n biriktirip, wolardi’ Xiywa xani’na qarsi’ ko’teriliske sharlawg’a degen bag’dari’n

ko’rsetiw ushi’n u’lken a’hmiyetke iye. Bunda aspanni’n’ qara shati’r yan’li’ tu’neriwi, qaharmandi’ aldi’nda ku’tip turg’an dramatizmge toli’ waqi’yalardan derek beredi. Jawi’nli’ ku’n qaharmanni’n’ basi’na tu’setug’i’n awi’r mu’siybettin’ belgisi.

Romanni’n’ bas qaharmani’ni’n’ hal jag’dayi’n belgilewge xi’zmet qi’latug’i’n ja’ne bir ta’biyat ko’rinisine itibar bereyik:

«Qi’s ha’r qashang’i’si’nan qatal suwi’q bolsa da, ba’ha’r yerte belgi berdi. Aral ten’izinin’ jag’alari’nda hawa rayi’ qi’li’qli’ kelinsheklerdin’ minezine ta’ka’bbil birde tu’neredi, birde jadi’raydi’, birde no’ser jawi’n tamshi’laydi’, gey ku’nleri aynala tazari’p, na’pes ali’w ken’eyedi, gey ku’nleri Qaraqum jaqtan shan’g’i’t ko’terilip ko’z ashti’rmaydi’. Ha’r qaysi’si’ bir xanli’qti’n’ tuti’wi’n tuti’p, bir-birinen biyg’a’rez hu’kim su’riw ushi’n shashaw-shashaw qoni’slasqan awi’llardi’n’ taltan’ biyleri menen so’ylesiw, wolardi’ bir na’rsege ko’ndiriw, ten’iz jag’alari’ni’n’ qi’li’qli’ ta’biyati’ yan’li’».

Bul ta’biyat ko’rinisi XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nda wo’z xalqi’ni’n’ shashi’randi’ uri’wlari’n biriktirip qudiretli ma’mleket Rossiyani’n’ qol asti’na wo’tiw ushi’n «alpi’s biydin’ «Ahidnamasi’n»« tayarlawg’a umti’lg’an Yernazar alako’zdin’ umti’li’si’n, jag’dayi’n su’wretlewde jazi’wshi’ ta’repinen ju’da’ sheber tu’rde berilgen. Qaraqalpaq biylerinin’ ha’r tu’rli minezleri, qi’li’qlari’ ta’biyatti’n’ wo’zgermeli qubi’li’si’na megzetiledi: Ku’n birese ashi’li’p, birese jabi’li’p turg’ani’nday qaraqalpaq biylerinin’ de birewleri Yernazar alako’z aldi’na jayg’an «ahidnamag’a» ap-an’sat qol basi’p mo’r saladi’, ja’ne birazlari’ qabag’i’n qarsa jawi’p a’bden qi’ynaydi’.

Juwmaqlap aytqanda, «Tu’siniksizler» romani’nda da ko’rkem peyzaj su’wretlengen da’wirdin’ haqi’yqatli’g’i’n beriwde qaharman xarakterin ashi’wda, obraz jasawda u’lken a’hmiyetke iye. Bul romanda qayg’i’li’ peyzaj tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeleydi. Buni’n’ tiykarg’i’ sebepleri bar. Yernazar alako’z qanshelli wo’z xalqi’na g’a’rezsizlik ali’p beriwge umti’lmasi’n, uri’wlardi’n’ pi’ti’ran’qi’li’g’i’, awi’zbirshiliksizligi ayi’ri’m biylerdin’ satqi’nli’g’i’, uli’wma uri’wli’q-feodalli’q

qatnaslarg'a tiykarlang'an qaraqalpaq ja'miytinin' rawajlani'wda artta qali'wshi'li'g'i' sebebinen Xiywa xani'na qarsi' ko'terilis jen'iliske ushi'radi'. Ko'terilis basshi'lari' ha'm qatnasi'wshi'lari' ayawsi'z jazalandi'. Sonli'qtan, bul waqi'yani' su'wretlewde qi's ma'wsimi jawi'nli' ku'nler, bultli' aspan, dawi'lli' hawa rayi' ken' tu'rde qollani'ladi'. Al yegerde quyashli' ha'm ba'ha'r ku'nleri qollani'lg'an menen de wolar kontrastli'q formada qaharmanni'n', woni' qorshag'an sharayatti'n' awi'r jag'dayi'n su'wretlewge xi'zmet qi'ladi'.

Juwmaqlap aytqanda, T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» tariyxi'y trilogiyasi'na kirgen «Maman biy a'psanasi'», «Baxi'tsi'zlar», «Tu'siniksizler» romanlari'nda ko'rkem peyzajdi'n' wo'zine jarasa u'lken worni' bar yekenligin ko'remiz. Birinshiden, ko'rkem peyzaj su'wretlenip ati'rg'an da'wir waqi'yalari'na avtordi'n' qatnasi'n bildirse, yekinshiden, tariyxi'y iskerler bolg'an Maman biy, Aydos biy, Yernazar biylerdin' xarakterin ashi'wg'a xi'zmet qi'ladi'. Bul ati' atalg'an romanlarda ta'biyat ko'rinisi qaharmanlardi'n' psixologiyasi'na say halda su'wretlense, yekinshi jag'dayda wolardi'n' poziciyasi'na kontrasli'q awhalda berilip belgili bir ko'rkem ju'kti ali'p ju'retug'i'nli'g'i'n ko'remiz.

## Juwmaq

Juwmaqlap aytqani'mi'zda, biz joqari'da qaraqalpaq a'debiyati'nda, a'sirese, proza tarawi'nda ko'rkem psixologizm principinin' rawajlani'wi'na salmaqli' u'les qosqan, wo'zinin' ko'lemli tariyxi'y romanlari' menen belgili bolg'an jazi'wshi'mi'z T.Qayi'pbergenovti'n' do'retpelerine toqtap wo'ttik.

A'sirese, jazi'wshi'ni'n' belgili romanlari'nan «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'na kiretug'i'n «Maman biy a'psanasi'», «Baxi'tsi'zlar», «Tu'siniksizler» romanlari'ndag'i' ko'rkem psixologizmnin' ashi'p beriliw sheberligine toqtadi'q.

Jumi'sti'n' aldi'na qoyg'an wazi'ypasi'na baylani'sli' I bap «Tariyxi'y iskerler obrazlari'n jarati'wda ko'rkem psixologizmnin' tutqan worni'» dep atali'p, wonda biz to'mendegidey juwmaqlarg'a keldik.

T.Qayi’pbergenov tariyxi’y iskerler obrazlari’n Maman biy, Aydos biy, Yernazar biylerdin’ ko’rkem tulg’alari’n qayta jarati’wda tek g’ana qurg’aq avtor bayanlawlari’na, waqi’yani’ dizip su’wretlewge berile bermesten, qaharmanlardi’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’na, psixologiyasi’na u’lken itibar bergenligin ko’remiz. Ma’selen, birinshi romanda XVIII a’sirdegi qaraqalpaqlardi’n’ azatli’q ushi’n, ruwlardi’n’ awi’zbirshiligi ushi’n ali’p barg’an gu’resleri worazan bati’r, Murat shayi’q, I’ri’squl biy, Maman biylerdin’ ha’reketlerin su’wretlew menen birge wolardi’n’ ishki jan du’nyasi’ndag’i’ quramali’ kewil keshirmelerdi, sezimlerdi beriw arqali’ da iske asi’ri’lg’an.

Bunda avtor ko’rkem psixologizmnin’ su’wretlew usi’llari’ bolg’an avtorli’q si’patlama, ishki monolog, keskin dialoglar sheber tu’rde paydalang’an.

«Qaraqalpaq da’stani’» ni’n’ yekinshi romani’ qaraqalpaqlardi’n’ XIX a’sirdin’ birinshi yari’mi’ndag’i’ azatli’q ko’terilisin su’wretlewge arnalg’an. Bunda waqi’yalar tiykari’nan Aydos biy, To’remurat suwpi’, Begis, Mi’rji’q h.t.b tariyxi’y shaxslardi’n’ obrazlari’ ko’rkemlik ta’repten qayta jarati’lg’an. Bul do’retpede turmi’s haqi’yqatli’g’i’n su’wretlewde ko’rkem psixologizmnin’ tutqan worni’ni’n’ keskin artqanli’g’i’n ko’remiz. Bul na’rse bas qaharman Aydosti’n’ tariyxta ju’da’ quramali’ obraz bolg’anli’g’i’ menen ti’g’i’z baylani’sli’. Ko’rkem psixologizmnin’ bay mu’mkinshiliginen paydalanbay bul tulg’ani’n’ ju’da’ quramali’ ta’biyati’n ashi’p beriw derlik mu’mkin yemes yedi. Al, «Qaraqalpaq da’stani’» ni’n’, u’shinshi romani’ bolg’an «Tu’siniksizler» romani’nda tariyxi’y tulg’a Yernazar alako’zdin’, woni’n’ anasi’ Qumar anali’qti’n’ obrazlari’n jarati’wda ko’rkem psixologizm wo’nimli tu’rde paydalani’lg’an. Biraq, bul romanda psixologizmnin’ sali’sti’rma salmag’i’ «Baxi’tsi’zlar» romani’na qarag’anda ta’wir-aq azayg’an. Bul bas obraz Yernazar obrazi’ menen baylani’sli’. Sebebi, Yernazar tuwrali’ xali’q arasi’nda, tariyxi’y hu’jjetlerde xali’qqa sadi’q, palwan, ma’rt adam si’pati’nda mag’li’wmatlar saqlang’an. Wol tuwrali’ qarama-qarsi’li’qli’ mag’li’wmatlardi’ derlik ushi’ratpaymi’z. Usi’g’an baylani’sli’ romanni’n’ ko’rkem quri’li’si’nda

monologqa qarag'anda avtorli'q si'patlama, dialoglardi'n' salmag'i'ni'n' ko'beygenligin ko'remiz.

Belgili jazi'wshi' T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» do'retpesinde qaharmanlardi'n' ruwxi'y du'nyasi'n, psixologiyasi'n, tariyxi'y sharayatti' su'wretlewde ko'rkem peyzajdi'n' ju'da' u'lken wori'n tutatug'i'nli'g'i'n ko'remiz. Sonli'qtan da bakalavr (qa'nigelik) jumi'si'ni'n' yekinshi babi' usi' ma'selege arnalg'an. Bunda biz to'mendegidey juwmaqlarg'a keldik.

Jazi'wshi'ni'n' «Qaraqalpaq da'stani'» tariyxi'y trilogiyasi'na kirgen romanlarda peyzaj su'wretlenip woti'rg'an tariyxi'y waqi'yalarg'a avtordi'n' qatnasi'n belgilewde, tariyxi'y iskerler obrazi'n jasawda belgili a'hmiyetke iye. Sebebi, su'wretlenip woti'rg'an da'wir waqi'yalari'n woqi'wshi'ni'n' ko'z aldi'na yelesletiwde portret, zat ha'r tu'rli bezeniw na'rseleri menen bir qatarda ta'biyat du'nyasi'ndag'i' quri'li'slardi' su'wretlew de u'lken wori'ng'a iye. Trilogiyasi'ni'n' birinshi romani'nda Maman biydin' wo'z aldi'na qoyg'an maqsetine yerise almag'ani'na baylani'sli' qayg'i'li' peyzaj, woni'n' aji'ralmas elementleri bolg'an qaqaman qi's, i'zg'i'ri'q suwi'q, bultli' aspan h.t.b si'patlar jiyi-jiyi qollani'ladi'. Ha'tte gey jag'dayda xali'q tu'siniginde qayg'i'li' waqi'yani'n' boli'wi'nan derek beretug'i'n qi'zari'p batqan ku'n de jazi'wshi' ta'repinen usi' da'stu'riy formada paydalang'an. Romanda at obrazi'na ayri'qsha ma'ni ju'klengen. Woni'n' ko'rkem psixologiyali'q su'wretlewde belgili worni' bar.

«Baxi'tsi'zlar» romani'nda ko'rkem peyzaj psixologiyali'q funkciyani' wo'zinde ali'p ju'redi. Bul na'rse romanni'n' bas qaharmani' Aydosti'n' obrazi' menen ju'da' ti'g'i'z baylani'sli'. Aydos ju'da' quramali' obraz. Wol qaraqalpaq xalqi'n bir jerge toplawda u'lken xi'zmet yetken shaxs bolg'ani' menen de ko'p qa'teliklerge jol qoyg'an adam. Woni'n' qaraqalpaqqa wo'z aldi'na xanli'q ali'p beremen dep ju'rip, aldawg'a tu'sip wo'zinin' yeki inisin wo'ltirgeni tuwrali' da an'i'z-a'n'gimeler bar. Sog'an baylani'sli' bolsa kerek, bul romanda da qayg'i'li' si'patqa iye ko'rkem peyzajdi'n' tu'rleri ko'p. Bunda peyzaj ko'binese kontrastli'q formada qollani'ladi'. «Tu'siniksizler» romani'nda da ko'rkem peyzajdi'n'

qaharman psixologiyasi’n ashi’wda, da’wir haqi’yqatli’g’i’n beriwde u’lken a’hmiyeti bar.

Uli’wma aytqanda, T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq da’stani’» trilogiyasi’nda XVIII-XIX a’sirlerdegi qaraqalpaqlardi’n’ xali’q azatli’q gu’reslerin su’wretlewde ko’rkem psixologizmnin’ ha’r qi’yli’ formalari’ sheber qollani’lg’an. Jazi’wshi’ni’n’ XIX a’sir qaraqalpaq prozasi’nda ayri’qsha tabi’sqa yerisiwi de usi’ qubi’li’s penen tikkeley baylani’sli’. Sonli’qtan da, XIX a’sir qaraqalpaq prozasi’n usi’ bag’darda teren’irek izertlew keleshektin’ isi dep woylaymi’z.

## Paydalani’lg’an a’debiyatlar


1. Каримов И.А. Тарийхий хотирасиз келажак йўқ. Тошкент, "Шарқ" нашриёти. 1998;
2. Ахметов С, Султанов Қ. Әдебияттаныў. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1987;
3. Ахметов С. Қарақалпақ әдебий сыны. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993;
4. Ахметов С, Есенов Ж. Қарақалпақстан республикасының жазыўшылары. Нөкис: «Билим», 1993;
5. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис: «Билим», 1994;
6. Баҳадырова С. Роман ҳәм дәўир. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977;
7. Баҳадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1984;
8. Баҳадырова С. Қарақалпақ әдебиятында тарийхый роман//«Әмиўдәрья», 1977, №11;

9. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986;
10. Есенов Ж. Сөз қәдири. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989;
11. Ja'rimbetov Q. A'debiyattani'wdan sabaqlar. No'kis: «Qaraqalpaqstan», 2013;
12. Камалов Қ. Кәрўан басы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1973;
13. Камалов Қ. Дала бүркити. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1990;
14. Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977;
15. Нарымбетов Ж. Каракалпакский роман. Ташкент: «ФАН», 1974;
16. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис: «Билим», 1993;
17. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы. Нөкис: «Билим», 2003;
18. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы. Нөкис: «Билим», 2008;
19. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы. Нөкис: «Билим», 2009;
20. Нурмухамедов М. Ҳәзирги қарақалпақ прозасының гейпара актуаль проблемалары.–Қарақалпақ әдебиятының мәселелери, Нөкис: «Қарақалпақстан», 1975;
21. Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977;
22. Султанов Қ. Т.Қайыпбергеновтың прозасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979;
23. Султанов Қ. Инсан күдирети. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992;
24. Өтемуратова Ҳ. Қарақалпақ тарийхый романының поэтикасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997;
25. Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент: «Ўқитувчи» 2003, 47-б;
26. Шермухамедов П. Мир писателя: его книги, его народ. Нукус. «Каракалпакстан», 1982;

27. Эпштейн М.Н. Природа, мир, тайник вселенной... Москва, «Высшая школа», 1990;

II

28. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Тарийхый трилогия. I китап. Маман бий әпсанасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989;
29. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Тарийхый трилогия. II китап. «Бахытсызлар». Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979;
30. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. Тарийхый трилогия. III китап. «Түсиниксизлер». Нөкис: «Қарақалпақстан», 1976.